ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№10 (24.760) • 2025 гъэм щІышылэм (январым) и 25, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Урысей Федерацэм ІэщэкІэ Зэщ1эузэда и Къарухэм зэгурыІуэныгъэкІэ дзэ къулыкъур щезыхьэкІ дзэ къулыкъущІэхэм зэ етыгъуэу ахъшэкІэ защІэгъэкъуэным и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуІум и 1-м къыдигъэкІа Указ №63-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Урысей Федерацэм ІэщэкІэ Зэщ1эузэда и Къарухэм зэгурыІуэныгъэкІэ дзэ къулыкъур щезыхьэкІ дзэ къулыкъущІэхэм зэ етыгъуэу ахъшэкІэ защІэгъэкъуэным и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуІум и 1-м къыдигъэкІа Указ №63-УГ-м и 1-нэ пунктым мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) япэ абзацым хэт «Урысей Федерацэм щыщ адрей щІыхухэм» псалъэхэм яшІыгъужын («щІыху щхьэхуэхэу Урысей Федерацэм и Правительствэм къыхихахэр яхэмыту») псалъэхэр;

б) «б» пункт къуэдзэм хэт «2024 гъэм дыгъэгъазэм и 31 пщІондэ» псалъэхэр «2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30 пщІондэ» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын.

2. Мы Указыр ехьэлІащ 2025 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ зэфІэува хабзэ зэхущытыкІэхэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм щІышылэм и 22-м*
*№2-УГ*

# ЩІакхъуэ фІыщІэ грамми 125-рэ

**Котляревскэ станицэм и библиотекэм Іуэху щхьэпэ иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщат сабий гъэсапІэм щІэсхэм папщІэ. Ар зытеухуауэ щытар Хэку зауэшхуэм и зэманым и лъэхъэнэ нэхъ гугъу дыдэу хэтам щІэблэр щыгъэгъуэзэнырт.**

САБИЙХЭМ жраІаш зэрыпхъуакІуэхэм Ленинград махуэ 900-кІэ къаувыхьауэ зэрыщытар, абы дэсахэм дежкІэ гъэунэхуныгъэшхуэу ар зэрагаІар. ЦІыкІухэм къащІащ гугъэ уэзыгъэщІ зы гъуэгу закъуэ фІэкІа - шхынымрэ псымрэ абыкІэ дашэу е цІыхухэр къыдашу - абы щыгъуэм зэрыщымыІар.

Ныбжьыщ1эхэм ирагъэлъэгъуащ Ленинград дэсхэм махуэм и кІуэцІкІэ къаІэрыхьэу щыта щІакхъуэ Іыхьэм и мащІагъри. Псалъэм папщІэ, 1941 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм и 20-м щыщІэдзауэ дыгъэгъазэм и 25-рэ хъуху сабий къэс щІакхъуэ фІыщІэ грамми 125-рэ фІэкІ иратакъым.

Мы Іуэхур къызэзыгъэпэщахэм зытращІыхьар щІакхъуэм и пщІэр, зы дзэкъэгъуэми цІыху гъащІэр зэрелъытар гурагъэІуэнрат. Апхуэдэуи щІэблэм жраІащ къэхъу псор тэмэму иджыри къагурымыІуэми, нэхъыщІэхэр нэхъыжьхэм я дэІэпыкъуэгъуу а зэманым къызэрытэджар, лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр я нэгу зэрыщІэкІар.

Зауэм зи сабиигъуэр хиубыда цІыкІухэр гугъуехьышхуэ пхыкІат. Тхыдэр зыщыдгъэгъупщэркъым, ауэ апхуэдэ афІэкІа къремыхъу жыдоІэ. Іуэхум хэтахэм шэху уэздыгъэхэр щІагъанэри, дакъикъэкІэ щыму щытащ.




**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# ЛІыхъужьхэм я щІэблэр



**Шэджэм щІыналъэм и администрацэм и унафэщІ Борсэ Юрэ иджыблагъэ ІущІащ «ЛІыхъужьхэм я щІэблэ» пэхуэщІэм и кІэух зэхьэзэхуэм нэсахэм.**

«ПЭХУЭЩІЭР хуэунэтІащ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ хуэмэным, къытщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным, дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ я сабийхэм ядэІэпыкъуным, абыхэм я щІэныгъэхэм хегъэгъэхъуэным, зегъэужьыным.

Хэкум и хъумакІуэхэм я бынхэм я нэхъыбэм яІэщ нэхъыжьхэм я лъэужьым ирикІуэн, щІыналъэр хъумэным я гъащІэр траухуэн мурадхэр. ПэхуэщІэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ абыкІэ ныбжьыщІэхэм ядэІэпыкъуныр», - щитхащ телеграмканалым Борсэ Юрэ.

ЗэІущІэм щыхэплъащ цІыкІухэм ягъэхьэзыра пэхуэщІэхэмрэ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэмрэ. Абыхэм щызэхуэхьэсащ Хэку зауэшхуэм хэта, тылым щылэжьа я благъэІыхьлыхэм ятеухуа хъыбархэр. ИкІи ахэр гушхуэу тепсэлъыхьащ я унагъуэхэм, лІыгъэ зэрахьэу ТекІуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьа я адэшхуэхэм, я ІэнатІэхэм гурэ псэкІэ пэрыта лэжьакІуэ пажэхэм. Апхуэдэуи къыжаІащ я мурадхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ, дзэхьэх ІэщІагъэхэмрэ къэкІуэным теухуауэ яІэ еплъыкІэхэмрэ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащІэ «ЛІыхъужьхэм я сабийхэр» пэхуэщІэр къыхэзылъхьар КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекщ. ИужькІэ къэралым и унафэщІхэм ар къыдаІыгъащ икІи «ЛІыхъужьхэм я щІэблэ» фІэщыгъэр зэрихьэу зыужьыныгъэ адэкІэ иратъэгъуэтащ.

**АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.**

● Лъэпкъ пэхуэщІэ

# Сом мелард 42-м щІигъу

**УФ-м и мэкъумэш-промышленнэ комплексым худэчых зыхэт кредитхэр етыным хуэгъэпсауэ 2025 гъэм сом мелард 42-рэ къэрал бюджетым къыхэкІынущ. Иджыблагъэ апхуэдэ унафэм Іэ щІидзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІ Мишустин Михаил.**

АХЪШЭМ и нэхъыбэр субсидиеу иратынущ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр езыгъэкІуэкІыну, гъэсыныпхъэхэр, жылапхъэхэр, щІыгъэпшэрхэр къэзыщэхуну банкхэм кредитхэр къеІызыха ІуэхущІапІэхэм. Адрейр щІыхуэу иратынущ гъэшрэ лырэ къэзылэжьхэм, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракІуэ лІэужьыгъуэхэмрэ зэзыгъэкІуэкІхэм. Апхуэдэуи абы хиубыдэнущ къэралым Іэщ, къэкІыгъэ лъэпкъыфІхэр къыщыгъэхъуным, къэгъэкІыным елэжьхэм.

«Мыпхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм мэкъумэш, промышленнэ ІэнатІэхэм Іэмал яритынущ иджырей ІуэхущІапІэщІэхэр ирагъэжьэнымкІэ, щыІэхэр ирагъэфІэкІуэнымкІэ, къэралым къыщыщІагъэкІа, фІагъ лъагэ зиІэ ерыскъыхэр хьэпшыпхэмрэ ди цІыхухэм яІэрыхьэн хуэдэу», - жиІащ Мишустин Михаил.

Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным ехьэлІауэ лажьэ къэрал программэм ипкъ иткІэ худэчых зыхэт кредитхэр мэкъумэшыщІэхэм етынымкІэ щыІэ Іэмалхэр нэсу гъэзэщІа хъун папщІэ 2025 гъэм сом меларди 100-м щІигъу къэрал бюджетым щыхухахынущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящІэн папщІэ

2025 гъэм щІышылэм и 30-м сыхьэти 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.*


# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

**2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.**

**Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 721-рэ кІэпІейкІи 4-рэ;**

**фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 658-рэ кІэпІейкІэ 36-рэ.**



Ди индексыр П5894

● ПэхуэщIэхэр

# Къуажэдэсхэм я тыншыпIэхэр

**Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэм цIыху мелуан 14 къызэщIиубыдащ.**

ПРОГРАММЭМ ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ куэд щрагъэкIуэкIащ. ЩIыналъэм и къуажэ щIагъуэ къэнакъым курыт еджапIэхэр, ЩэнхабзэмкIэ унэхэр, сымаджэщхэр, спорт комплексхэмрэ пэш щхьэхуэхэмрэ, IэрыщI алэрыбгъухэр зэрылъ топджэгу губгъуэхэр щIэуэ здыщамыухуа е ахэр къыщамыгъэщIэрэщIэжа. Абы хохьэ гъуэгу лэжьыгъэхэри, псы къабзэ зэрыкIуэ бжьамийхэри. Апхуэдэуи къуажэ уэрамхэр иджырей уэздыгъэхэмкIэ къызэщIагъэблащ, жылэдэсхэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэр зыхуей хуагъэзащ, зэIузэпэщ ящIащ.

«Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщылажьэ илъэситхум къриубыдэу ищхьэIуэкIэ зи гугъу щытщIа Iуэхугъуэхэм къыхуагъэсэбэпын щхьэкIэ къэралымрэ ди щIыналъэмрэ я бюджетхэм сом мелард 1,55-рэ къыхэкIащ. 2024 гъэ къудейм республикэм и къуажэхэм зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм сом мелуан 390-рэ трагъэкIуэдащ.

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэбгригъэха хъыбарымкIэ, 2025 гъэм къэралым и къуажэхэр зэIузэпэщ щIыным сом меларди 116-рэ бюджетхэм щыхухахынущ. Илъэсым къриубыдэу яухуэнущ е къащэхунущ псэупIэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 88-рэ, зэрагъэпэщыжынущ е щIэуэ яукъуэдиинущ автомобиль гъуэгуу псори зэхэту километр 330-м щIигъу, цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэу 840-рэ зыхуей хуагъэзэнущ, унэтIыныгъэ куэдкIэ зыужьыным хуэщIа пэхуэщIэу 100-м нэблагъэ ягъэзэщIэнущ.

Дызыхыхьа илъэсым зи гугъу тщIа къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрми егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, щэнхабзэ, спорт IэнатIэхэм я ухуэныгъэхэр зэрагъэпэщыжынущ е щIэуэ щаухуэнущ. Абы хохьэ псы къабзэ къыщIэзыш, цIыхухэр газкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэр. Автомобиль гъуэгухэми апхуэдэ гулъытэ хуащIынущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Стипендиехэр

# ЕгъэджакIуэм и пщIэр яIэт

**Урысейм и егъэджэныгъэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа щIэныгъэлIхэу Макаренкэ Антон, Сухомлинский Василий, Ушинский Константин, Выготский Лев, Карамзин Николай сымэ я щIыхькIэ стипендие щхьэхуэхэр 2025 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ хуагъэувынущ фIыуэ еджэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ студентхэм. Апхуэдэ унафэ ищIащ Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм.**



«МЫ ГЪЭ еджэгъуэщIэм къыщыщIэдзауэ къэралым егъэджакIуэхэр щыхуагъэхьэзыр и вузхэм зэфIэкI лъагэхэр къыщызыгъэлъагъуэ студентхэм къахуэхьынущ еджагъэшхуэхэм я щIыхькIэ ягъэува стипендиехэр. Ар хуэгъэпсащ фIыуэ еджэ щIалэгъуэлэм ядэIэпыкъуным, къыхаха IэщIагъэм тегъэгушхуэным, егъэджакIуэм и пщIэр къэIэтыжыным. Стипендиехэр иратынущ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, хэлъэт зиIэ студентхэм», - жиIащ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей.

Студентхэм щхьэкIэ ягъэува стипендием и инагъыр сом мин 15 хъунущ икIи ар мазэ къэс иратынущ. Еджагъэшхуэхэм я пщIэр яIэту ягъэува стипендиехэр зратыну дэтхэнэ унэтIыныгъэми папщIэ цIыхуипщI къыхахыну аращ.

УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ зытет, къэралым егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и вузхэм я студент нэхъыфIхэм стипендиер иратынущ, зэхьэзэхуэм хэтрэ абы пхыкIа нэужь. Абы хыхьэну жэрдэм зыщIхэм я дэфтэрхэр къыIахын щIадзэнущ 2025 гъэм и гъэмахуэм.

**АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.**

● ЗэпыщIэныгъэхэр

# Индием кърагъэха псалъэ гуапэхэр



**Индием щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ академием щеджахэм я унэ ягъэзэжа нэужь къэпщытэныгъэ экзаменхэр ирагъэтыжащ хамэ хэкум щызрагъэгъуэта щIэныгъэмрэ дохутыр IэщIагъэм ахэр зэрыхуэфащэмрэ зэхагъэкIын папщIэ икIи ехъулIэныгъэхэр къагъэлъагъуэу абыхэм псори пхыкIащ, къиташ иджыблагъэ КъБКъУ-м и пресс-IуэхущIапIэм.**

«АПХУЭДЭ къэпщытэныгъэхэр къызыпэщылъыр хамэ къэралхэм медицинэм щыхуеджа IэщIагъэлIхэрщ икIи абыхэм упхыкIын папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу балли 150-рэ къэпхьын хуейщ. Ди университетым къыщIигъэкIа гупым я нэхъыбэр а мардэм щхьэдэхащ икIи абы къегъэлъагъуэ щIэныгъэ куу ди деж абыхэм зэрыщагъуэтар», - щыжаIащ КъБКъУ-м.

Индием къикIа студентхэм ещанэ курсым щегъэжьауэ егъэджакIуэхэм я гъусэу, FMGE программэр и лъабжьэу, къэпщытэныгъэ тестхэр зырызыххэурэ зэпкърах. Абыхэм я егъэджэныгъэ планым хохьэ медицинэм и дэтхэнэ унэтIыныгъэри, ирехъу ар хирургие, терапие е педиатрие, икIи абы нэхъыщхьэу хъэлъыр цIыхухэм еIэзэнымкIэ УФ-ми хамэ къэралхэми я медицинэ мардэхэм тету щIэныгъэхэр ябгъэдэлъхьэнырщ.

Хъыбар гуапэмкIэ, къэпщытэныгъэ экзаменхэр я деж зэрыщатамкIэ Индием зыгъэзэжа IэщIагъэлIхэр къадэгуэшащ КъБКъУ-м Дунейпсо егъэджэныгъэмкIэ и школ нэхъыщхьэм, ди деж щеджэхукIэ зыпыщIауэ щытам, и лэжьакIуэхэм. Абыхэм фIыщIэ къыхуащIащ ди къэрал университетым щIэныгъэ куу къызэрыщыбгъэдалъхьамкIэ, гукъинэжу зэман дахэ куэд ди республикэм зэрыщагъэкIуамкIэ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

## Мы махуэхэм

**ЩIышылэм и 25,** *щэбэт*

♦**Урысейм щагъэлъапIэ Студентхэм я махуэр (Татьянэхэм я махуэр)**

♦**Урысей Федерацэм и ДзэТенджыз флотым и кхъухьхэм я унафэщIхэм я махуэщ**

♦**1908 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Бэч Мэлэчхъан**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ сабий усакIуэ **Щоджэн Аслъэнджэрий (Леонид)**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Безыр Чэмал**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ГъукIэжь Владимир**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ УФ-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щад Азджэрий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 7, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 26,** *тхьэмахуэ*

♦**Таможенникым и дунейпсо махуэщ**

♦**Интернетыр къэмыгъэсэбэпыным и махуэщ**

♦**1944 гъэм** КъБР-м и Аруан районыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Тау Хьэзешэ**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Джэдзауэ Венерэ**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ тхыдэдж, зэдзэкIакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Мэлбахъуэ Къэралбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 27,** *блыщхьэ*

♦**Нацизмэм ихьахэм я фэеплъым и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ**

♦**1941 гъэм** «КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

♦**1968 гъэм** Налшык Музыкэ театр къыщызэIуахащ.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэгъэжей Джонсон**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ композитор, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Жырыкъ Заур**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Чэт Юрэ**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэгъун Руслан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Щхьэм имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ.**



## ЩIэныгъэлI, тхакIуэ цIэрыIуэ МафIэдз Сэрэбий къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу

# Адыгэ Хабзэр и гупсэт



**Зытет дунейм набдзэгубдзаплъэу зэрыкIэлъыплъар къапщIэу адыгэхэм щIэныгъэшхуэ къадэгъуэгурыкIуащ. Ауэ жылэкъутэм зэбгрипхъа хъугъуэфIыгъуэр зэгъэуIужын, джын, щIэрыщIэу лъэпкъ гъащIэм хэпщэжын хуейт. Абы шыIэ закъуэтэкъым хуэныкъуэр, ар лъагъуныгъи хуейт, бэшэчагъи къилъыхъуэрт. Лъэпкъ щэнхабзэм и фIыпIэм щыщщ Адыгэ ХабзэкIэ дызэджэр. ЗищIысыр псоми зэдащIэ хуэдэу, щыщ гуэрхэри зэдагъэзащIэм ещхьу, ауэ и курыхым лъэпкъыр зэрыщыгъуазэ щымыIэу къекIуэкIащ ар, щIэныгъэм и шыбзэм ирагъэзэгъэхункIэ. Ар зыхузэфIэкIынур адыгэ гъащIэм фIыуэ щыгъуазэ, абы и купсэр къыхэзыубыдыкIыф цIыху емышыжти, апхуэдэу къыщIэкIащ щIэныгъэм лъэужь дахэ къыхэзына МафIэдз Хьэжмэстафэ и къуэ Сэрэбий.**

СЫТ хуэдиз гуащIэ уиIэн хуей, Адыгэ Хабзэм теухуа лэжьыгъэ, ар къэзыщтэм телъыджэ къыщыхъун хуэдэу, бгъэхьэзырын папщIэ?! Пэжыр жыпIэмэ, къэлъытэгъуейщ ар икIи къызыфIэгъэщIыгъуейщ. Ар Iуэху зыщищIыжу къызыхуэтыншэу зэфIэзыха МафIэдз Сэрэбий псэу щIыкIэ и фэеплъыр и IэкIэ зыхуигъэувыжащ, Iуэхутхьэбзэшхуэ зыхуищIа лъэпкъыми и фIыщIэ къилэжьащ. Егъэджак1уэ, тхакIуэ, щIэныгъэлI, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIэныгъэмрэ литературэмкIэ и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор МафIэдз Сэрэбий къытхэтыжамэ, и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут. ЦIыхур уахътыншэ зыщIыр къызэринэкIа гъащIэм щилэжьахэращи, нэхъыжьыфIым и дунейр ихъуэжами, жылэм щIащымыгъупщэн, бэрэ и цIэр къыщIраIуэн Iэужь къигъэнащ.

Адыгэ щIэныгъэми лъэпкъ литературэми зэхуэдэу щылэжьащ МафIэдзыр. Зыгуэр щыжиIа къудейуэ аракъым, атIэ дунеишхуэ къыщызэIуихащ, сурэт щIа фIэкIа умыщIэну теплъэгъуэ абрагъуэхэр щызэригъэпэщри, ар и лъэпкъэгъухэм я пащхьэ къригъэувэжащ. Нэрынэ-нэрынэурэ зэщIищыпэжа щэнхабзэ фIыгъуэхэм псалъэ зэгъэпэщакIэ фащэ ящитIагъэри, адыгэ цIыхур - ди адэжь-анэжьхэр - дунейм зэрытета щIыкIэм дыхукъуэплъым къыщымыувыIэу, дыхишэпащ.

МафIэдз Сэрэбий КъБР-м и Аруан щIыналъэм хыхьэ Джэрмэншык къуажэм 1935 гъэм щIышылэм и 23-м къыщалъхуащ. Къуажэ курыт еджапIэм классиблыр къыщиухри, Налшык къалэм дэт, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр училищэм 1949 гъэм щIэтIысхьащ. ЩIалэщIэр еджэным фIы дыдэу хэзэгъащ, къыхиха гъуэгум зэрызригъэубгъунури щIэх къыгурыIуащ. Училищэр къиуха нэужь, МафIэдзым щалъхуа къуажэм игъэзэжри, пэщIэдзэ еджапIэм 1954 гъэм лэжьэн щыщIидзащ. Абы иригъэджахэм ноби ягу къагъэкIыж къахуэкIуэжа щIалэм хэлъа Iэдэбагъ-щэныфIагъри, лэжьыгъэмкIэ гумызагъэу зэрыщытари, дэтхэнэми гулъытэ яхуищIу, къахилъхьэ Iуэхугъуэхэр гурыIуэгъуэ ящыхъун папщIэ, зэ жиIам тIэу къытригъэзэжу зэрахэтари. АрщхьэкIэ, IэнатIэм сыт хуэдизу хуэмыхьэкълыми, щIэныгъэм гу хуэзыщIа щIалэм дежкIэ ар мащIэIуэт. Зы илъэс фIэкIа мылэжьауэ, Сэрэбий Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым (иужькIэ университет хъуам) щIотIысхьэри, и щIэныгъэм щыпещэ. ЕджапIэ нэужьым МафIэдзыр илъэс зыбжанэкIэ урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу щытащ.

ЕджапIэм щыщIэса илъэсхэм Сэрэбий дихьэхащ адыгэм и лъэпкъыщхьэр къэзыгъэщI щэнхабзэмрэ къикIуа тхыдэ гъуэгуанэмрэ. КъызэрымыкIуэу мащIэт абыхэм ехьэлIауэ щыIэр, щIэныгъэ теIущIыкIыпIэ пщIы хъунухэри нэхъ мащIэжт. Ар зи гурыгъуз щIалэм нэхъыжьхэр кIуапIэ ещIри, абыхэм я деж IуэрыIуатэхэр щызэхуихьэсу, адыгэ гъащIэм епха Iуэхугъуэхэр щызэригъэуIужу хуожьэ. ЩIалэщIэр зи ужь ихьа Iуэхум хьэлэмэту зэкъызыкIуэцIихыу щыщIидзэкIэ, зыIэпешапэ, икIи и гъащIэр абы ирипхыну треухуэ.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэм зэрыпэлъэщынур къалъытэри, МафIэдзыр 1969 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым ирагъэблагъэ. Зи гъащIэр институтым пыщIауэ къекIуэкIа Сэрэбий щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэу къыщIидзащ, мыгувэуи и къэхутэныгъэхэр щIигъэхуэбжьащ. Апхуэдэу абы кандидат диссертацэр хьэзыр ещIри, Мэзкуу дэт, Миклухо-Маклай Николай и цIэр зезыхьэ институтым ар 1974 гъэм щыпхегъэкI. А лэжьыгъэр адыгэхэм сабийр гъащIэм, псэукIэм зэрыхуагъасэ-зэрыхуаущий щIыкIэхэм теухуат. НэхъапэкIэ щIэныгъэр шэщIауэ зытемыпсэлъыхьа лэжьыгъэр «Адыгэхэм я гуащIэдэкI гъэсэныгъэм теухуа тхыгъэхэр» («Очерки трудового воспитания адыгов») фIэщыгъэр иIэу 1979 гъэм тхылъу къыдегъэкI.

ЩIэупщIэ зыгъуэта лэжьыгъэр МафIэдзым IэщIыб ищIакъым, атIэ нэхъри игъэкуущ, зригъэубгъущ, Iуэхугъуэ нэхъыбэ къызэщIригъэубыдэри, доктор диссертацэу зэхигъэувэжащ. «Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм щIэблэхэр зэпызыщIэ Iэмалу хэлъым теухуауэ» («Межпоколенная трансмиссия традиционной культуры адыгов») лэжьыгъэшхуэм лъабжьэ хуэхъуат къыдэкIуэтей щIэблэр гъащIэмрэ псэуныгъэмрэ зэрыхуагъэхьэзыр Iэмал-хэкIыпIэхэр. Абы къызэщIиубыдат гуащIэдэкI гъэсэныгъэм и мызакъуэу, цIыхущхьэр къызэзыгъэпщ лъэныкъуэ псори - псэкупсэ гъэсэныгъэри, цIыху хэтыкIэм епхари, Iэпкъ-лъэпкъымрэ акъылымрэ я зыужьыныгъэм пыщIари. МафIэдзым ар 1989 гъэм пхегъэкIри, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор цIэр къыфIащ. Зи цIэ къитIуа лэжьыгъэр 1990 гъэм тхылъу дунейм къытехьащ, псынщIэ дыдэу гъуэтыгъуей зэрыхъуамкIи абы и мыхьэнэр зэрыиныр къэлъэгъуащ.

Мыбдеж къыхэгъэщын хуейщ диссертацитIым я зэхуакум лэжьыгъи 100-м щIигъу МафIэдзым и къалэмыпэ къызэрыщIэкIар, язызэри адыгэ гъащIэм щыщ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм ятещIыхьауэ зэрыщытар. Сэрэбий зыгъэпIейтей Iуэхухэр зэ къиIэткIэ зэфIэкIыртэкъым, абы мызэ-мытIэу къахуеплъэкIыжырт, къыхукъуэкIа щапхъэхэмкIэ е нэхъри игъэбелджылыжырт, е бгъэдыхьэкIэщIэ гуэрхэр къахузэригъэпэщыжырт. МафIэдзым и лэжьыгъэхэр къэбэрдей адыгэхэм къадекIуэкI щэнхабзэм зэи къыщыувыIакъым, ар фIы дыдэу щыгъуазэт кIахэ адыгэхэм я щэнхабзэ дунейми. ЛъэныкъуитIыр зэрызэкIэришхэжым, зым щыщIэр е мыгурыIуэгъуэу къыщынэр адреймкIэ иригъэкъужурэ зэрыщыIам шэч къытумыхьэжыну псоми зэдай адыгэ гъащIэм и теплъэхэр зэфIигъэувэжырт. Щхьэхуэныгъэ гуэрхэр къыщыхэкIым дежи, ар фIэналкъутналмэсу хэхауэ къигъэлъагъуэрт.

Адыгэ дунейм къыщIэIукI щIэжьыуэбэм къигъэщI щэнхабзэри зэрыщхъуэкIэплъыкIэр МафIэдзым IупщI дыдэу къыщигъэлъэгъуащ мащIэмикуэдми лъэпкъ гъащIэм епха дэтхэнэми и Iэнащхьэм телъу зэрихьэ, къызэщIэзыубыдэ фIэщыгъэр - «Адыгэ Хабзэ» - зиIэ лэжьыгъэм. Сыт абы къызэщIимыубыдар, сыт ар зытемыпсэлъыхьар?! Лъэпкъ хабзэхэм ехьэлIауэ хэт сыт хуэдэ упщIэ къыхуэувми, жэуап щигъуэту зы щIэнгъуазэ телъыджэ хъуащ ар. МафIэдзым щIэх-щIэхыурэ жиIэу зэхэпхынут тхылъымкIэ лъэпкъ хабзэхэм ехьэлIауэ дяпэкIэ щыIэну къэхутэныгъэхэм и гъунэ ирилъа къудейуэ. Ауэ ар и напщIэ зэрытелъри ибзыщIыртэкъым. Сыт щхьэкIэ? Псом япэрауэ, ар Сэрэбий зыми пимыщI адыгэбзэкIэ итха хъуат. Бзэмрэ щэнхабзэмрэ зэпэIэщIэу щыIэфынукъым, зыр адрейм и щIэгъэкъуэну къызэдокIуэкI. АтIэми, щэнхабзэм и бзэм хэлъ фIыгъуэхэр епхащ ар къэIуэта зэрыхъуа щIыкIэм. МафIэдзым илъэс пщIы бжыгъэхэм къариубыдэу зэхуихьэсыжа фIэщыгъэ къомыр хуэфащэ контекстым хэту къызэрыдэпсалъэр зимыуасэ щыIэкъым. Зэрытха бзэм и дахагъэмрэ къабзагъэмрэ къэгъэнауэ!

ЕтIуанэрауэ, зытепсэлъыхь Iуэхухэр апхуэдизкIэ лъэныкъуэ куэдкIэ зэкIэщIокIри, къигъэхъуапIэ яIэ мэхъу, ар зылъэIэсым, абы щIэджыкIым и гулъытэр игъэжаныну Iэмал иIэу. КъэхутэныгъэфIыр зыгъэлъэщыр абы ишэщI гъуэгум лъагъуэхэр къыхэкIыни хыхьэни зэрыхузэфIэкIращ. «Адыгэ Хабзэр» апхуэдэщ. ЦIыхур дунейм къыщытехьам къыщегъэжьауэ и иужьрей увыIэпIэр щрагъэгъуэтыж далэм нэсыху хуэIухуэщIэрэ дауэдапщэу хэлъыр лъэпкъым акъыл щхьэхуэкIэ къызэрипщытам, щытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм елъытауи зэрызэпишэчар хэткIи нахуэщ. Арами, адыгэхэм яхузэфIэкIащ щхьэхуэу зыхэплъэхэр Адыгэ Хабзэм щIэбзэу щIилъхьэу, жылэм зэдай, къуэпсыбэми, зы къежьапIэм екIуэлIэж гупсысэкIэр, щыIэкIэр, гъэсэкIэр абы тебзэ хуищIыжын. Мис а къарур хэлъщ МафIэдзым и «Адыгэ Хабзэ» тхылъым, аращ абы цIыхубэм лъапIэныгъэ щIритри.

КъызэрымыкIуэу лэжьыгъэшхуэ хилъхьащ МафIэдз Сэрэбий адыгэ литературэми. Апхуэдэу абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ Тхылъеджэм куэд щIауэ фIыуэ илъэгъуа «ЩIакIуэ фIыцIэ», «Шыдыгъу», «Нэчыхь», «ЛIыгъэ», «Мыхъур» повестхэр, «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр.

Адыгэхэм зэрагъэпэща хабзэр, дуней лъагъукIэр, лIэщIыгъуэкIэрэ къадэгъуэгурыкIуа Iуэху зехьэкIэр щIэныгъэ шыбзэм иригъэкIыху, МафIэдзым и нэгу къыщIигъэувэрт а псор лъэпкъым къыщигъэщIа блэкIа лъэхъэнэхэр, зэригъэзахуэрт ди япэ итахэр къызыпхыкIа гузэвэгъуэ-бэлыхьлэжьаехэр, къилъыхъуэрт ахэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэхэр. Къалэмыр къэзыщта щIэныгъэлIым и щхьэм щызекIуэ гупсысэхэр псалъэм щрилъхьэкIэ, зэпымычу зэупщIыжырт: апхуэдиз дахагъэр къэзыгъэщIа лъэпкъыр дунейм гупсэхуу щхьэ трамыгъэтарэ, ар къехъулIэну щытамэ, апхуэдиз акъыл зэщIэузэдам кIуэрабгъу хъунухэр щхьэ къыхимыхарэ, жиIэу. Тхыдэ щхьэусыгъуэхэр наIуэщ: къарукIи зэфIэкIкIи нэхъ лъэщхэм адыгэщIыр яIэщIыхьэмэ, дуней тепщэныгъэр зэрызыIэрагъэхьэфынур къагурыIуат, ауэ лъэпкъ зэхэщIыкIыр абы къызэрыпекIуэкIын Iэмал зэригъэпэщын хуейти, къыщигъуэтами, зыкъомкIи кIасэ хъуат... Мис ар и нэгу къызэрыщIыхьэ щIыкIэр МафIэдзым наIуэу жеIэ: лъэпкъыр зыщыгугъыжыр, зым нэхърэ адрейм нэхъыфIу зыкъыщыхъужырти, акъыл гъэтIысакIэ унафэ къызэдащтэфыртэкъым. «...адыгэхэм я хьэлыжьщ зым адрейм дзы фIищыныр, зым и лIыгъэ адрейм фIэмылIыгъэу щыдыхьэшхыныр.

Щхьэхуэу къыхэгъэщын хуейщ 1974 гъэм къыдэкIа «ЩIакIуэ фIыцIэ» повестыр. Абы къигъэлъэгъуэж Iуэхугъуэхэр лъэхъэнэкIэ зытехуэр XVI лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэрщ. Ар итхын папщIэ МафIэдзым зэхуихьэсат дэфтэр куэд, IуэрыIуатэми щымащIэтэкъым лъэпкъым и блэкIар къызыхэщ тхыдэжьхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ. Ахэр зэхилъхьэжа нэужь, МафIэдзым и пащхьэ къоувэ лъэпкъыр зыхэта гуIэгъуэ псор - а тхыдэр нэпсрэ лъыпскIэ гъэнщIат, ауэ щыхъукIи къуэгъэнапIэм щыгъэпщкIуауэ, зей лъэпкъми хищIыкI щыIэтэкъым. Мамыру псэу жылэм къебгъэрыкIуэ бийм щыпэщIэувэкIэ, зэрызэкъуэувэри, апхуэдэ къару мыкIуэщI зэраIэри къегъэлъагъуэ МафIэдзым. ЛIыхъужьхэм я теплъэр щигъэпскIи, дэтхэнэми и хахуагъэр Хэкум кърит гушхуэныгъэм зэрипсыхьыр къыхегъэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, къуажэпщ Иналыкъуэ Бибей, вакIуэлI Щэбэтыкъуэ, лIакъуэлIэш Жанболэт, нэгъуэщIхэри. Зи бзэрэ зи щIыкIэрэ зиIэж дэтхэнэ лIыхъужьми тхыдэ къызэригъэщIыр, ахэр зрикIуа гъуэгур нобэм къызэрысыр повестым наIуэ къещI, къызэтемыувыIэу зэрыкIуэцIрыкIри болъагъу. Тхыдэр зэщхьэкIуэ лъэпкъым и пащхьэ къиува упщIэхэм МафIэдзым жэуап нэсу зэраримытар къыбощIэ абы къыкIэлъыкIуа «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романитIымкIэ.

Романхэм къагъэлъэгъуэж XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм я зэблэкIыгъуэм адыгэ лIакъуэхэм псэукIэ-зэхэтыкIэу, хьэлщэну яIауэ щытар, ди лъахэм щекIуэкIа къэхъукъащIэ нэхъ инхэр, ди япэ итахэм къатепсыха бэлыхьхэм къазэрыхущIэкIар. Романхэм адыгэхэм дахагъэу ябгъэдэлъа псори къыхощыж, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къызыкъуахыфу, зэрылъагъукIэ-зэрыIыгъыкIи ящIэу къызэрыгъуэгурыкIуар къаIуэтэж. Апхуэдэу тхакIуэм ибзыщIыркъым адыгэхэм къадекIуэкI щэн гурымыхьхэри, абыхэм къахь насыпыншагъэри. МафIэдзым пщэрылъ зыщищIыжа а IуэхуитIыр хъарзэну къехъулIауэ къэлъытапхъэщ. Зи шыфэлIыфэр нэгум щIэмыкI лIыхъужь куэд романхэм уащрохьэлIэ. Апхуэдэщ, псалъэм щхьэкIэ, Жанхъуэт Кушыкъу, ХьэщIэмахуэ, джэгуакIуэ Бэгъэуш, Джырандыкъуэ, Билъостэн сымэ, нэгъуэщIхэри. Дэтхэнэри зы дуней ирокъу, уатепсэлъыхьыну ущыхуежьэкIи, лъэпкъым и философиери и дуней лъагъукIэри къэзыIэт гупсысэ куэд къызэщIагъэушэ.

«Гъыбзэ хуэфащэт» романым папщIэ МафIэдз Сэрэбий КъБР-м литературэмкIэ и Къэрал саугъэтыр 1998 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ. А саугъэт дыдэр 2002 гъэм МафIэдз Сэрэбий етIуанэу къратащ «Адыгэхэр: хабзэхэмрэ дауэдапщэхэмрэ» («Адыги: обычаи, традиции») монографием папщIэ. ЦIыхубэм лъытэныгъэ зыхуищIа, лъагэу иIэта IуэхущIафэхэм къэралми хуэфащэ пщIэ щаригъэгъуэтым деж уогушхуэ, лъэпкъым щхьэкIэ уиIэ гугъапIэхэм къаруущIэкIэ заузэдыж. МафIэдз Сэрэбий къыщIэна лэжьыгъэр къызэщIэукъубеяуэ зэрихьэ хышхуэм ебгъэщхь хъунущ, дэнэ лъэныкъуэкIэ укъыщыхэIэбэми, нэгъуэщIыпIэкIэ урихьэкIыу, зы къыхэпхамэ, адрейм укIэлъыIэбэжыну щытыкIэ уригъэувэу. ЦIыхум и гупсысэм кIуэдыж иIэкъым, абы щIэ гуэрхэм ухузэщIагъэушэмэ, уи пащхьэм илъым къищынэмыщIауэ, щIэплъыпIэмкIэ щыIэми ухуригъэплъэкIмэ. Апхуэдэт зи псалъэр пэжу, зи цIыху щIыкIэр нэхуу дунейм тета МафIэдз Сэрэбий.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*

# Унагъуэми лъэпкъыми я гъуазэ

**ЩыIэщ лъэпкъылIхэр, я Iуэхущ Iафэк Iэ, псэлъэкIэкIэ, дуней тетыкIэкIэ, хьэл-щэнкIэ «уей-уей адыгэ» жригъэIэу, ахэр къыбдалъагъуныр щIыхьу, уи пщIэр яIэту. Абыхэм ящыщщ Шурдым Борис. Зи ныбжьыр нобэ илъэс 80 ирикъу а лIы щыпкъэм и цIэр зэхэзымыха щIагъуэ исуу къыщIэкIынкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым. Зыгуэрым хьэщIэ лъапIэ къыхуеблэгъамэ, абыхэм бгъэдагъэсыну япэу ираджэ нэхъыжьыфIхэм ящыщщ ар. Тхыдэ, медицинэ, щэнхабзэ, гъуазджэ жыпIэми, купщIафIэу къыбдэуэршэрыфыну щIэныгъэкIэ зэщIэузэдащ. Хьэл-щэн дахэ зыхэлъщ, унагъуэ дахэм и пашэу гъащIэр езыхьэкI тхьэмадэ махуэщ.**



БОРИС 1945 гъэм щIышылэм и 26-м Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. 1964 гъэм курыт еджапIэр къиухри, совет армэм къулыкъу щищIащ, 1968 гъэм КъБКъУ-м щIэтIысхьащ Iэщ дохутыру еджэну, икIи 1973 гъэм ар къызэриухыу лэжьэн щIидзащ. Липецк областым и «Троекуровский» совхозым Iэщ дохутыру илъэси 4-кIэ щыIауэ лъахэм къигъэзэжри, КъБАССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм Iэщ дохутыру 1983 гъэ пщIондэ щыIащ. Абы иужькIэ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ Бахъсэн щIыналъэм и управленэм Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ щылэжьащ. Борис зэпымычу, и Iэ щIагъэм хуэпэжу, ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъагъуэу зэрылэжьам папщIэ мызэ-мытIэу фIыщIэ тхылъхьэмкIэ ягъэлъэпIащ.

1984 - 2004 гъэхэм производственнэ къудамэм и унафэщIу, мэкъумэш хозяйствэмкIэ Бахъсэн райисполкомым и унафэщIым и япэ къуэдзэу щытащ, 2004 гъэм КъБР-м и «Хьэмащэ» къэрал предприятэм и унафэщI ящIри, 2020 гъэ пщIондэ абы щылэжьащ.

2003 гъэм Борис къыхуагъэфэщащ «Мэкъумэш хозяйствэмкIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, 2009 гъэм ар хъуащ гуащIэдэкIым и ветеран.

- Борис Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Iэщ дохутыру щеджэу 1974 гъэм къэсцIыхуауэ щытащ. Абдеж къыщыщIидзащ ди зэныбжьэгъугъэм. ЕджапIэ нэхъыщхьэм дыщыщIэсым Шурдымыр щапхъэт ди дежкIэ. Ар илъэс зыбжанэкIэ дэ нэхърэ нэхъыжьти, армэми щыIауэ, гъащIэри игъэунэхуауэ, хабзэ дахэрэ адыгагъэ куурэ хэлъу, уфIэмылIыкIынкIэ, пщIэ хуумыщIынкIэ Iэмал имыIэу апхуэдэт. Езыми дигъэгушхуэу, ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъужу, къуэш нэхъыжьым хуэдэу къытхэтт. А лъэхъэнэм студентхэр стройотряд жаIэурэ, Алтай крайм, нэгъуэщI щIыпIэхэм дагъакIуэу щытащ. ЦIыхур апхуэдэхэм дежщ щагъэунэхур: лэжьыгъэ щызэдэпщIэкIэ, гъуэгу ущызэдэтеувэкIэ. Борис бгъэдэлъ щIэныгъэр, и зэфIэкIхэр, къыхиха IэщIагъэм тригъэкIуадэ къарур абы щыгъуэщ нэхъ наIуэ къыщыхъуар. НэхъыщIэхэм щапхъэ дахэ дигъэлъагъуу абы щыгъуэми къытхэтащ. КъызыгурыIуэхэм, хэзыщIыкIхэм Iэщ дохутырхэм пщIэшхуэ хуащI. «ЦIыху дохутырым цIыхур егъэхъуж, Iэщ дохутырым дуней псор егъэхъуж», - жаIэ. ПщIэ хэлъу зрихьащ а лэжьыгъэр Борис. ИужькIэ Шурдымыр ягъэкIуащ «Хьэмащэ» хъупIэм. КъызэгъэпэщакIуэу, унафэщIым и къуэдзэу, унафэщIу. Гу лъытапхъэщ губгъуэм ит, гугъуехьышхуэ зи фэм дэкI, лэжьыгъэ хьэлъэ езыхьэкI цIыхухэр арэзы пщIыну зэрымытыншым. Ауэ Борис и лэжьакIуэхэр къыхуэарэзыуэ яхэтащ, Iэщыхъуэхэм я Iуэхур ящигъэпсынщIэу, лэжьакIуэхэм ящытрикъузэнури, щыщэбэнури, чэнджэщ хуейм гулъытэ щыхуищIынури ищIэу. Илъэс пщIейр цIыхухъу жаным дежкIэ ныбжьышхуэкъым. Борис акъыл жан зиIэ цIыху жыджэрщи, абы и жьауэм и унагъуэ дахэр куэдрэ щIэтыну, лъэпкъым тхуэузыншэну сохъуэхъу. Шурдым лъэпкъым цIыху цIэрыIуэ куэд къахэкIащ. Си ныбжьэгъур абыхэм я нэхъ курыххэм ящыщщи, апхуэдэ куэд Шурдымхэ иджыри къащIэхъуэну си гуапэщ. Къыхэзмыгъэщу слъэкIынукъым мыри... Срогушхуэ Борис адыгагъэм, фащэм, хабзэм, тхыдэм, щэнхабзэм пщIэ зэрыхуищIым. Абы цей екIу щыгъыу гупым къыщытхыхьэкIэ дегъэгуфIэ, ди гур хегъахъуэ. Адыгэ лъэпкъыр дигъэбжьыфIэу, и щIэблэм мурадыфIу хуиIэм IэкIэ теIэбарэ абы иригуфIэу Тхьэм куэдрэ ди япэ иригъэт! – жеIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

- Шурдымхэ си благъэщ – си адэм и анэр абыхэ япхъущ. КъищынэмыщIауэ, Борис сэрэ дыкъызэдэхъуащи, си къуэш пэлъытэщ. Куэдрэ Къущхьэхъу сыдэкIуеящ курыт еджапIэми университетми сыщыщIэсым, итIанэ лэжьыгъэ IуэхукIи. Псом хуэмыдэжу иужьрей илъэс 30-м. Сыт щыгъуэми си Iуэху дигъэкIмэ и гуапэу къыспежьар си ныбжьэгъужь Шурдым Борисщ. ЛIыгъэ иIэщ абы! Адыгэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ тезгъэгушхуэу Къэнжал зауэм теухуауэ роман итхыну щыпэрыувам, ар щекIуэкIа щIыпIэр и нэкIэ зригъэлъагъуну къытхуеблэгъат. Гупышхуэ дыкъызэрыгъэхъуат: КъармэхьэблэкIи ГундэлэнкIи дикIыу дыдэкIынут Къэнжалым. ПсалъэкIэ къыпхуэIуэтэнкъым абы щыгъуэ Шурдым Борис къызэрытпежьамрэ дызэригъэлъэпIамрэ. ГъэщIэгъуэнракъэ, хьэщIэ нэхъыщхьэм хуэщIыпхъэ пщIэри кIэлъызэрихьащ, дэри хьэщIагъэ дахэ щхьэхуэу къыдихащ. Иужьым езым и машинэм МэшбащIэр иригъэтIысхьэри, Къэнжал зауэм епхауэ сыт хуэдэ щIыпIэ щыIэми, псори дигъэлъэгъуащ, я хъыбарыжьхэр гъэхуауэ къытхуиIуэтэжащ. ЖыпIэнуракъэ, мы щIалэм хуэдэу пэж, гупцIанэ, хабзэщIэкъу, хэкупсэ, адыгэгу зыкIуэцIылъ, хьэлэл щыIэу си фIэщ хъуркъым. Сэ апхуэдэхэм хуабжьу пщIэ яхузощI! ЦIыху дыщэщ, малъхъэфIщ, адэ щыпкъэщ, адэшхуэ гумащIэщ Борис. Адыгэ цейр щыгъыу, щIакIуэ екIур и плIэм иубгъуауэ, и бгыр щIэкъузэжарэ Iэщэ-фащэкIэ зэщыхуэпыкIауэ пэкIугъэдахэу куэдрэ срихьэлIащ. Тхыдэжьым къыхэтэджыкIа адыгэ уэркъым хуэдэу уIуоплъэ, апхуэдизкIэ уардэщи. Сыт и уасэ апхуэдэлI лъэпкъым уиIэну, Шурдым Борис хуэдэ нэхъыжьыфIхэр къыбдалъагъуу уи япэ итыну! – пещэ ЩIДАА-м и вице-президент, Къэбэрдей Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

Къызэрыхагъэщащи, Шурдым Борис куэдым къацIыху, пщIэ зыхуащI лIы Iущщ. «Нобэрей Къэзанокъуэ Жэбагъы» жысIэнт сэ абы щхьэкIэ... Борис къэзгъэпсэлъэну я деж сыщеблэгъами хьэщIагъэу къызахар гуимыхуж сщыхъуащ, ерыскъыуэ сагъэшхари си Iум итщ. Апхуэдиз псалъэ гуапэ зыхужаIэ Шурдымыр икъукIэ зэпIэзэрыту къыщIэкIати, и щхьэ теухуауэ зы псалъи къысхужьэдэшакъым: «Си напэ къамылъыфэр къысхуумыгъэцIыплъ», - жиIэри. Арами, жылэм фIыкIэ зи цIэ иpaIуэ лIы щыпкъэм пэж дыдэу куэд и нэгу зэрыщIэкIамрэ нэрыбгэ бжыгъэншэхэр зэрицIыхуамрэ хьэкъ сщыхъуащ, Къущхьэхъу щилъэгъуа гъэщIэгъуэн гуэрхэм щытепсэлъыхьым:

- ЖыпIэкIи цIыхум я фIэщ пхуэмыщIыну Iуэхугъуэ куэд ущрохьэлIэ Къущхьэхъу щIыналъэм. Ар нэгъуэщI дунейм укъыщыхутам хуэдэу гъэщIэгъуэнщ. Си щIалэгъуэм сцIыхуащ къару къызэрымыкIуэ зыхэлъ зы бзылъхугъэ. Ар Зеикъуэ къуажэм щыщт. И цIэри къысхуэмыгубзыгъыж... Ауэ, ар апхуэдизкIэ къарууфIэти, зым литр 60 ихуэу бидонитIыр Iэ зырызкIэ къиIэтырт, бгым къыдихырти, машинэм иригъэувэрт. Апхуэдэ къару къылъыкъуэкIынкIи хуумыгъэфащэу, езыр дахащэт, зэпIэзэрытт, щэхут. ЗэрыжаIэмкIэ, зэрыбын 11 хъурт ахэри, зэрыщыту пелуант. Я щIалэхэр щакIуэ лъэрызехьэу, щхьэзакъуэу къуршым итт, я пщащэхэри мис апхуэдэу гуащIафIэт.

- Я адэм Исуф и цIэу, ауэ псори ТыркукIэ еджэу, я анэр балъкъэру, езы пщащэм Заирэт и цIэу, аракъэ? - сыщIоупщIэ.

- Аращ! Дэнэ щыпщIэр? - къоуIэбжь си псэлъэгъур.

- Заирэт си анэшхуэщ, си анэм и анэщ...

- ГъэщIэгъуэнкъэ, хэт зэзгъэщхьыр жысIэурэ сыноплъ. Нобэр къыздэсым къуажэдэсхэм хъыбарыжьу яIуэтэж а унагъуэ къызэрымыкIуэм я хъыбар.

- ФIыщIэ пхузощI, Борис. Iэджи сигу къэбгъэкIыжащ. Уи деж къэдгъэзэжынщи, уи нэхъыжь псалъэ зэхэсхыну сыхуейт: сыт мы гъащIэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр?

- ЩIэблэр. Абыхэм яхэтлъхьэ гъэсэныгъэмрэ зыхуэдгъэIущымрэ, - зегъэкIэщIри, щэху дыдэу Iущащэу зэбгъэдэс къуэрылъхухэм я дежкIэ – Акуандэрэ Пщымахуэрэ – маплъэ Борис.

Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщи, - Борисрэ абы и щхьэгъусэ, Къаныкъуэ Барэсбий ипхъу ФатIимэрэ бынитI яIэщ. Япхъу Залинэ дохутырщ, эндокринологщ, я къуэ Мурат экономикэм хуеджащ. ТIури унагъуэщ, бын тIурытIи яIэжщ. Езы ФатIими дохутырщ, педиатрщ, я нысэ Жаннэ (Хъуэжэхэ япхъущ) «1-КБР» телеканалым щолажьэ, журналистщ.

- IуэхукIэ къалэм зэщхьэгъуситIыр дыкIуауэ, дыкъэмэжэлIати шхапIэм дыщIыхьат. Къэтщта ерыскъым щыщу зы тыкъыр и джий ехакъым Борис. «ЦIыкIухэр димыгъусэу дауэ тшхыну мыр?!», - жиIэри, мышхэу къекIуэлIэжауэ щытащ. АпхуэдизкIэ а лIы ткIийр хуэгумащIэщ и къуэрылъхупхъурылъхухэм, - жеIэ ФатIимэ.

Хъуэпсэгъуэщ Шурдымхэ я унагъуэр. Нэхъыбэрэ сахэсарэт, садэуэршэрарэт жозыгъэIэщ. Дохъуэхъу Борис къыщалъхуа махуэмкIэ, тхьэмадэ Iумахуэу, гъуазэу лъэпкъым куэдрэ къытхэтыну, и унагъуэ дахэм зэи фIыгъуэр имыкIыну ди гуапэщ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**




# ЩIэныгъэ гъэлъэгъуапIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ зытет, Налшык къалэ дэт ГъуазджэмкIэ сабийхэм я уардэунэм ныбжьыщIэхэм лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм нэхъ тегъэщIауэ пэщIэдзэ, курыт щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI, я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэ гупжьей щхьэхуэхэр къыщызэрагъэпэщ, зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэр щызэхашэ.**

**Апхуэдэхэм ящыщ зыт а еджапIэ-гъэсапIэм и зи чэзу зэхыхьэу иджыблагъэ щекIуэкIа, «КъБР-м и Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» зи фIэщыгъэ гуманитар-литературэ зэхьэзэхуэр. Ар щIимыдзэ ипэ, дэ зыхуэдгъэзащ уардэунэм и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ ПщыукI Анютэ.**

- Нобэ пыдощэ еджакIуэхэм гуманитар щIэныгъэхэмкIэ я зэпеуэ-олимпиадэм и 11-нэ зэхэшэгъуэм, - къыджеIэ абы. - Ар 2014 гъэ лъандэрэ уардэунэм щрагъэкIуэкI. АбыкIэ унафэ къэзыщтауэ щытар а зэманым республикэм и Iэташхьэу диIа КIуэкIуэ Юрэщ. Гуманитарием хухэхауэ «КъБР-м и Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» зыфIаща зэхьэзэхуэхэр щрагъэкIуэкIа илъэсхэм къриубыдэу, ди деж щедгъэджа ди гъэсэнхэм ящыщу Москва къалэ щыIэ Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ къэрал институтым (МГИМО) экзаменыншэу щIэтIысхьащ Уэлджыр Даянэ, Мусуков Ахъмэт, Кучуков Марат сымэ. Емкъуж Назир экзамен щита пэтми, абыи хузэфIэкIащ гугъу демыхьу а еджапIэм щIэтIысхьэн.

- Анютэ, «КъБР-м и Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» зэхьэзэхуэхэр къыщефхьэжьэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуэвгъэувыжар сытыт? - сыщIоупщIэ.

- Зи гугъу тщIы зэпеуэхэр дэ идогъэкIуэкI гуманитар щIэныгъэмкIэ зэфIэкI нэхъ зиIэ ныбжьыщIэхэр къэтхутэн папщIэ. Дипломат, журналист IэщIагъэхэм нэхъ хэзагъэхэри ахэращ, - дыхегъэгъуазэ ПщыукIым.

- Зэпеуэхэр Iыхьэ-Iыхьэурэ вгуэшащ. Ахэр зэрызэхэвгъэкIым и гугъу къытхуэщIыт.

- «КъБР-м и Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» зэпеуэр (абы и иужьрей Iыхьэхэм телевиденэри къыхыдошэ) олимпиадэм хуокIуэж. Езы зэхьэзэхуэхэр Iыхьиплıу гуэшащ. Япэ Iыхьэр гъэ блэкIам и щэкIуэгъуэ мазэм едгъэкIуэкIащи, мыбдежым щыфлъагъу цIыкIухэр абы щытекIуахэращ. КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэрщ нобэ едгъэкIуэкIыр. Гъатхэпэм ещанэ зэхэшэгъуи диIэнущ. Накъыгъэм кIэух Iыхьэр едгъэкIуэкIынущ.

ПщыукI Анютэ депсэлъэху, уардэунэм и пэшышхуэу зэпеуэр щызэхаублэм школакIуэхэр сатыр-сатыру щитIысыкIащ. ГъэщIэгъуэнт абыхэм жыжьэу уаIуплъэнри: зы напIэ дэхьеигъуэкIэ зыхэпщIэрт сабийхэм я нэгу зэлъыIуха цIыкIухэм губзыгъагъэу къищыр зыхуэдизри, езыхэр зэщIэкъуарэ Iэслъэс защIэу, зыхэт Iуэхум къекIу щыгъын къабзэхэмкIэ зэрыхуэпари.

ХеящIэ (ареопаг) къалэныр зыгъэзащIэ балигъхэр лъэныкъуэкIэ къыщысрэ утыкум ис цIыкIухэри тегъэхуауэ къедаIуэу, ПщыукI Анютэ зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэр жиIащ.

Сатыр-сатыру зэпэщыс ныбжьыщIэхэм ящыщу, япэ дыдэу къыдишаищыр «лъагъуэ» зэмыфэгъуищым тригъэуващ. ПэщIэдзэ упщIэхэм я нэхъыбэр урыс тхакIуэшхуэ Бунин Иван и IэдакъэщIэкIхэм къыщигъэлъэгъуа и Iэзагъэм теухуат. Къратыж жэуапхэм елъытат къыкIэлъыкIуэну упщIэхэри...

ЕтIуанэ-ещанэ къыдэшыгъуэхэри апхуэдэущ зэрекIуэкIар, лъагъуэ зэмыфэгъухэм трагъэувэхэм упщIэу иратхэм жэуап кърамытыжыфмэ, сатыру зэпэщыс адрейхэми зыхуагъазэрэ нэхъ къахэжаныкIхэм медаль пщIыхалъхьэу.

**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, мазаем и 2**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр:***
***10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# ЦIыхуу ущытыныр щIэныгъэщ

***КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Хьэмту Къадир и нэтынхэр цIыхухэм гунэс ящыхъуу республикэ радиом илъэс куэдкIэ щылэжьащ. Мы тхыгъэр абы триухуащ адыгэ тхыдэдж цIэрыIуэ Мэрзей Аслъэнбэч щIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм.***




«ЦIыху узыщI щIэныгъэ» фIэщыгъэ иIэу 2018 гъэм дунейм къытехьауэ щытащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Нало Женя и гукъэкIыжххэр зэрыт тхылъыр.

1922 гъэм къалъхуа а цIыхубзыр гугъуехь куэд зыгъэващ, абы щыгъуэми цIыхуу, цIыхугъэшхуэ зыхэлъу къэнэжыфауэ. И адэ Жамырзэ революцэр текIуэным жыджеру хэлIыфIыхьащ. Бэр фIы хуашэну къэзыгъэгугъахэм гу къабзэкIэ яхыхьащ, арщхьэкIэ а зэрыхьзэрий лъэхъэнэр и щхьэ IуэхукIэ къэзыгъэсэбэпу щIэзыдзахэм япэщIэувэу щыхуежьэм, къуаншэу къыщIрагъэдзыжри, 1929 гъэм илъэсий тутнакъ тралъхьащ.

Революцэр щекIуэкIами иужькIи гъащIэщIэ ухуэным хуищIа хэльхьэныгъэхэр зыщIэ Тэрч, Аруан районхэм щыIэ къуажэхэм ящыщу 12-м щыпсэухэм, Жамырзэ и мылъкукIэ гъаблэм къызэрыригъэлар зыщымыгъупщахэм, ар Iуэху ящIащ икIи СССР-м и ЦИК-м ятхащ, Налор зэрагъэтIысам щыуагъэ хэлъу къалъытэу. А Iуэхум хэплъа нэужь, тралъхьа тутнакъ пIалъэр щхьэщахыжри, 1934 гъэм хуит къащIыжащ, ауэ илъэсищ дэкIри, «тройка»-м я унафэкIэ Жамырзэ яукIащ. Унагъуэр зэхэзехуэн ящIащ; и лъапси, и мылъкуи къытрахри, Сыбыр яхуну унафи къащтащ. А унафэр къалъэмыIэс щIыкIэ езыхэм Азие Курытым зыщагъэпщкIун хуей хъуащ. Илъэсибгъу-пщIы ныбжьым иту а шынагъуэ псори зыгъэунэхуа, зы махуэ тыншыгъуэ имыгъуэту къэгъуэгурыкIуа цIыхубзщ Мэрзей Аслъэнбэч игъэхьэзыра «Цыху узыщI щIэныгъэ» тхылъым зи гугъу щищI Нало Женя.

Хъыджэбзыр зэрыхуа щытыкIэ гугъумкIэ къагъэубзэн мурадкIэ яужь къихьахэм къахуэгъэшакъым. «Напэм япэ псэр ихуэ» жызыIа лъэпкъым къызэрыхэкIар игъэнаIуэу къэгъуэгурыкIуащ. Пщащэ цIыкIум лъакъуэпэщIэдз дапщэрэ къыхуащIами, уеблэмэ ерыскъыншэ дыдэу къыщынэ куэдрэ къыхуихуами, и щхьэр игъэлъэхъшакъым. А лъэхъэнэ хьэлъэр яхуэмышэчу зызыгъэпудахэми гъусэ яхуэхъуакъым. Зэман бзаджэр къызэринэкIын папщIэ Женя игъэва псори тхылъым ижыхьащ. Ар зыхалъхуа лъэхъэнэм щыIа залымыгъэ псори гукIи псэкIи игъэву, уардэу гъащIэм кIуэцIрыкIыфащ, лей зылъысахэм я уэчыл лъэщи къэуващ. Абы и нэгу щIэкIауэ иIуэтэжахэр, лейзехьэхэм зэрапэщIэта тхыгъэхэр тхыдэм хыхьэжами, дерс къызыхэпхын защIэу, щапхъэрэ щыхьэт пэжу къэнащ. А гугъуехь псори къызэринэкIри, Женя тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ, ди къэрал университетым и «доцент» цIэри фIащащ. Абы иригъэджащ зи гугъу сщIы тхылъышхуэр зи къалэмыпэ къыщIэкIа Аслъэнбэчи икIи IэщIагъэ ищIащ. IэщIагъэ къудейркъым Аслъэнбэч Женя зэрыдэплъейяр, атIэ а цIыхубзым хэлъа гу къабзагъэри, цIыхугъэри гъуазэ хуэхъуащ.

Ди лъэпкъым и тхыдэр жыжьэ дыдэ къыщожьэ. Нэхъ гъэщIэгъуэныжырщи, телъыджэу хабзэ дахэ иIащ. Ар цIыху гъащIэм, нэхъ тэмэмыIуэу бгъэбелджылымэ, цIыхубэм я зэгурыIуэныгъэм хуэлажьэ хабзэт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэхъуэкIыныгъэхэм зыдагъэшурэ абы хэмылъ щыхалъхьаи къэхъуащ.

Адыгэ тхыдэм и напэкIуэцI пэжыр мы иужьрей илъэс тIощIырыпщIырщ нэхъ наIуэ къыщыхъуар. Ди блэкIам и пэжыпIэр тщIэн папщIэ ахэр тегъэщIапIэ быдэщ, уэчыл нэсщ. Адыгэхэр лъэпкъ дахэу зэрыщытар, зэхэтыкIэ тэмэм зэраIар зэгъэзэхуа мэхъужри, дыпежьэу тIэтыпхъэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэлI нэхъыжьу щыта, мы зэманым Абхъаз Республикэм и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэ Мэрзей Аслъэнбэч а IуэхумкIэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI иджыри. А щIэныгъэлIым и къалэмыпэ къыщIэкIа тхылъхэр куэдым я гуапэу зэращтар хьэкъщ. АбыкIи гурыIуэгъуэ хъуащ адыгэхэм я гъащIэр куу дыдэу Мэрзейм зэриджар. ЩIэныгъэлIым къиулъэпхъэщыжахэр лъэпкъым и мызакъуэу, дунейпсо тхыдэмкIи мыхьэнэ ин зиIэщ. И щхьэ течауэ ар 2024 гъэм накъыгъэм и 30-м щыжаIащ Сыхъум къалэм. А махуэм абы щызэхыхьат Урысейм тхыдэмкIэ и еджагъэшхуэхэр. А зэхуэсым тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ и докторым и диссертацэр щыпхигъэкIащ Мэрзей Аслъэнбэч. Ар теухуауэ щытащ адыгэ зекIуэлIхэм я гъащIэр зэрыщытам. ЩIэныгъэлIым зэман кIыхь къиштащ - V лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ XX лIэщIыгъуэм и 30 гъэ пщIондэ. Апхуэдиз илъэс бжыгъэм и дэфтэрхэм ар елэжьащ илъэс 30-кIэ.

Мэрзей Аслъэнбэч Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ и факультетыр диплом плъыжькIэ къиухащ. Иужьым Миклухо-Маклай и цIэр зезыхьэ институтым аспирантурэр 1997 гъэм къищиухыжащ. Абы щыгъуэ и лэжьыгъэ нэхъыщхьэу щытар зекIуэ хабзэхэм пыщIахэр джыжынырт. Аслъэнбэч ар хъарзынэу къехъулIащ. Ди тхыдэтххэр зылъэмыIэса а лэжьыгъэр куэду гъэщIэгъуэнщ икIи щIэныгъэлIым а Iуэхум пищэкIэрэ лъэпкъым и фIыр нэсу сэтей къищIыжащ. Ди тхыдэм и пэжымрэ лъэпкъым къигъэщIа хабзэ телъыджэхэмрэ куууэ япэу хэIэба Бгъэжьнокъуэ Барэсбий и щапхъэр гъуазэ зыхуэхъуахэми ящыщщ а щIэныгъэлIыр.

Тхыдэтххэри совет лъэхъэнэм тыншакъым - пэжыр ящIэу, архивхэм къыхаххэр къагурыIуэу, ауэ ятхыну хуимыту екIуэкI хабзэт. Ятхын хуей хъуми, парт унафэщIхэм я Iизыныншэу традзэныр къемызэгът.

Зэманыр и пIэ иткъым. Мы дунеишхуэр цIыхумкIэ гъэунэхупIэу зэрыщытыр нахуэщ. Урыс-Кавказ зауэм иужь куэд дэмыкIыу Урысейм и цIыхубэр къызэрыIэтащ. Революцэр текIуа нэужь бжьыпэр зыубыдахэм ящIэ псори цIыхубэм и сэбэп зыхэлъ хуэдэу ягъэIуат. Зи гупсысэ жыжьэ нэмысхэм а псор я фIэщ хъуауэ лей зезыхьэм дэIэпыкъур нэхъ жыджэр мэхъу. Лей зэрызэрахьэр къызыгурыIуа, псэ къабзэкIэ революцэм хэтхэм я жыIи а псом зэхахыжакъым, Iуэхур тэмэму къазэрыгурыIуэм текIуэда мыхъумэ.

Ди лъэпкъми Урысей пащтыхьым кърищIылIа зауэм къыхуихьа тхьэмыщкIагъэхэри щIахъумэу, пэжыр цIыхубэм ямыщIэу илъэс куэдкIэ къекIуэкIащ. Пащтыхьым дэ дыхьэкIэкхъуэкIэу зэригъэIуауэ щытар езы лъэпкъми ди фIэщ ищIыжауэ пIэрэ, жиIэу ущегупсыс щыIащ. А псор хэплъэгъуэщ езы адыгэ лъэпкъым и дежкIэ, сыту жыпIэмэ нобэ деджауэ щIэныгъэ диIэми, ди адэжьхэм къытхуагъэна псор зэрыдахэр зэдгъэзэхуащэу слъагъуркъым. Сыщыуэмэ, сыщывмыгъауэ. Лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтенэн папщIэ ди блэкIар, ди зэхэтыкIар дахэу зэрыщытар тщIэн зэрыхуейр къызыгурымыIуэ иджыри урохьэлIэри, ар жагъуэ сщохъу. Абы щыгъуэми щIэныгъэ хъарзынэ яIэу, уеблэмэ я цIэ фIыкIэ къаIэту, ауэ лъэпкъ Iуэхум теухуауэ лэжьыгъэ гуэр ирагъэкIуэкIын ипэ «зэран къысхуэхъужыну пIэрэ» гупсысэр щытрагъакIуэ къызэрыхъум гу лъумытапIэ иIэкъым.

А къэсIуэта Iуэху мащIэхэр щыIэ пэтми, узыщыгуфIыкIынщ ди тхыдэтххэм иужь зэманым ди пащхьэ къралъхьа тхыгъэхэр. Ахэр уасэншэщ, уи къэухьым зебгъэужьыну, уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэну ухущIэкъумэ. АбыкIэ сэбэпышхуэ хъунущ, къапщтэмэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ докторхэу Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Уэз ФатIимэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу Сокъур Валерэ, Къэжэр Валерэ, Къармэ Руслан, нэгъуэщIхэми я къалэмыпэ къыщIэкIахэр. Адыгэ тхыдэм кууэ хэIэбащ ахэр икIи лъэпкъым и фIыщIэшхуэ а щIэныгъэлIхэм къызэралэжьар шэч зыхэмылъщ.

Мэрзей Аслъэнбэч и тхылъышхуэ 2021 гъэм дунейм къытехьари, куэд къэзыIуатэщ икIи дызыщымыгъуазэхэр зэрымымащIэр наIуэ къэзыщIащ. Сэ къызэрызгурыIуамкIэ, XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм, уеблэмэ ипэжкIи диIа зэхэтыкIэр тэмэму ди пащхьэ къырилъхьэжауэ къэплъытэ хъунущ. «Генезис и эволюция традиционной военной культуры черкесов» зыфIища а тхылъым къаруушхуэ ирихьэлIащ. Езы тхылъри ин дыдэщ. Куэд къызэщIеубыдэ. Ар фIыуэ хэIэбащ курыт лIэщIыгъуэхэм ди лъэпкъым и псэукIам. Ипэ сищынщи жысIэнщ, уи щхьэ лъагэу щIэплъагъужын щапхъэ куэд итщ тхылъым. А псом пищащ доктор диссертацэр щигъэхьэзырами - абыкIэ илъэс мин нэхърэ нэхъыбэкIэ зэIэбэкIыжащ. Ди адэжьхэм зэхэтыкIэ дахэ зэраIар IупщIу къегъэлъагъуэ, ауэ жиIэ къудей мыхъуу, нэрылъагъу, гурыIуэгъуэ зэуэ пщещI лъэпкъыр зыр адрейм пщIэ хуищIу, цIыхугъэр илъытэу зэрызэдэпсэуар. А псори мы тхыгъэ мащIэм схуигъэхуэнкъым, ауэ сигу нэхъ зыхьэхуар е нэхъ сигу къеIар жысIэнщ.

Мэрзейм къиштэр ди эрэм и курыт лъэхъэнэрщ. Адыгэхэр Азиемрэ Европэмрэ я зэхуаку диубыдэ Кавказ щIыналъэм исщ. Ар куэдым я гъуэгу зэблэкIыпIэу зэрыщытым къыхэкIыуи я щIыналъэ яхъумэжын хуейуи къахудокI. Авторым узыхуишэ гупсысэр хьэлэмэтщ. Псалъэм папщIэ, Аслъэнбэч къиштэр зекIуэлI Iуэхуращи, абыкIэ зэпкърыхауэ дегъэлъагъу лъэпкъ гъащIэр. АдыгэлIымрэ адыгэшымрэ апхуэдизу зэхэшыпсыхьащи, зым и закъуэкIэ я дуней тетыкIэр уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнукъым. А псор фIыуэ къиIуэтащ щIэныгъэлIым. Къапщтэ зауэлIыр, ар къэралыдзэм хэту, къэрал унафэ игъэзащIэу псэу цIыхукъым. АдыгэлIыр цIыху щхьэхуитщ, Хэкур зэрихъумэжыным езым и гупсысэкIэ, и Iуэху зехьэкIэ иIэжу хэпсэукIыу. ГъэщIэгъуэнращи, хамэ къэралхэм къикIыу зыплъыхьакIуэ, тIасхъэщIэх, сатуущI е нэгъуэщI мурадкIэ къакIуэхэми ялъагъуу яIуэтахэр зэтохуэ.

Адыгэхэр цIыху пэжу, псэ къабзэ зиIэхэу ятх. Европэмрэ Азиемрэ щыпсэухэм я гъуэгу зэблэкIыпIэу, я зэпыщIапIэу Кавказыр зэрыщытыр къагуроIуэри, абыхэм зэран яхуэхъуркъым, атIэ щапхъэ телъыджэхэр ирагъэлъагъу. Къэтщтэнщ, «хьэщIэщ», «хьэщIагъэ» жыхуаIэр. ХьэщIэщым теухуауэ куэд ятхауэ щыIэщ. Щыгъуазэм и насыпщ. Адыгэхэм я Хэкум ихьа нэужь шынагъуэ ямыIэу зэрыщызекIуар псоми къагъэнэIуащ. ЯхъунщIэнкIэ, яукIынкIэ шынагъуэ лъэпкъ ямыIэу къакIухьырт. ХьэщIэу ябжырти, абы зыгуэр къыщамыгъэщIын папщIэ, уеблэмэ езыхэм я щхьэри халъхьэну хьэзырт. А псом щыгъуазэт ди Хэкум къакIуэхэр. Ахэращ ди Iуэху зехьэкIэхэр пэжу къэзыгъэлъэгъуэжахэри.

ЗекIуэлIыр зауэлIу арти, и пщIэр лъагэт, къилэжьыжым хуэдизкIэ. Зэуэн хуей хъуми, бзаджагъэ, хьилагъэ, гъэпцIагъэ жыхуэпIэхэр къигъэсэбэпыну и щхьэ трилъхьэртэкъым. И бийм пщIэ хуищIу езэуэнут. А псом къадэкIуэу адыгэхэр жумартт. «Унафэ щыIэщ» жаIэу цIыху яукIынутэкъым. Дэтхэнэ зыми Iэмал иратырт зихъумэжыну, и щхьэ хуэфащэ пщIэр къилэжьыжыну. Ар наIуэу къыщыгъэлъэгъуащ Мэрзейм и тхылъхэм. Адыгэ шур апхуэдизу дахэщ, апхуэдизу гу къабзэ зиIэ цIыхуу щытащи, ущIэгушхуэн куэд ядыболъагъу. Языныкъуэхэм деж еджэныр зэпыбгъэууэ уегупсысын хуей мэхъу: «Апхуэдэ лъэпкъ дахэм мыхъумыщIэу хужаIахэр къыздрахари дэнэ, къэзыгупсысыфари хэт?»

Ди адэжьхэм я тхыдэр къыщигъэлъагъуэкIэ ар блэкIыфынутэкъым Урыс-Кавказ зауэ лъэхъэнэми. Абы щыгъуи адыгэлIым зауэр щхьэусыгъуэ ищIу хьилагъэ хилъхьэу, сыт хуэдэ Iэмалри къэбгъэсэбэп хъунуи къилъытэртэкъым. ЗыпэщIэт бийм и сэлэтыр бэлэрыгъауэ иукIыртэкъым, Iэщэншэмэ еIусэххэртэкъым. Зауэми лIыгъэрэ напэрэ щыIэн зэрыхуейр и гъащIэм и купсэт. Ар авторым къигупсысакъым, атIэ езы бийхэм ятхыжам къыхихащ. Апхуэдэ зы гукъэкIыж телъыджэкъым тхылъым къыщигъэлъагъуэр. Ар я къалэмыпэ къыщIэкIащ Урысейм и дзэм хэта генералхэм, хамэщI къикIа тIасхъэщIэххэм, зыплъыхьакIуэ къэкIуахэм, дипломатхэм. Абыхэм ятеухуа щапхъэри мымащIэу итщ тхылъым.

Иджы зауэр зауэщ, абы сыт хуэдэ Iэмалри къыщыбгъэсэбэп хъуну къалъытэ куэдым. Апхуэдащ Урысейм и дзэлI унафэщIхэри. Къапщтэмэ, генералхэр зыхуекIуа хьилагъэри адыгэлIым и щхьэ трилъхьэнкIэ Iэмал щыIакъым. Урысыдзэм и генерал бзаджащIэ Вельяминовым итхащ адыгэхэм зауэкIэ зэрапэмылъэщынур икIи илэжьар хьэдэгъуэдахэщ; гъавэхэр, мафIэ щIадзэурэ, ягъэсырт. Зи Iухыжыгъуэ нэблэгъа, ауэ иджыри пасэIуэ гъавэр къэзакъыдзэхэм зэхрагъэутэрт, зыри мыхъужыну. Iэщым хуагъэтIылъа мэкъумылэри ягъэсырт. ХъуакIуэу губгъуэм ит, зи бзэ мыпсалъэ Iэщхэри зэтраукIэрт. Уз зэрыцIалэ нэгъунэ къыхаутIыпщхьэрт. НэгъуэщIкIэ адыгэ лъэпкъым зэрытемыкIуэнур къагурыIуат. «Апхуэдэу илъэситхукIэ зэкIэлъыпыту гъавэхэкIхэр, мэкъумылэр, Iэщхэр Iисраф тщIыфмэ, адыгэхэм дапэлъэщынщ» - жиIэрт Вельяминовым.

А лъэхъэнэ бзаджэр зи нэгу щIэкIахэм, абы хэта зауэлIхэм, дипломатхэм, тIасхъэщIэххэм ятхауэ щыIэ, тхылъ хъумапIэхэм къыщIаха напэкIуэцIхэм къапкърихыжа тхыгъэ куэд сэтей къищIащ тхыдэтхым. Тхылъым къыщыхьа псоми тегъэщIапIэ пэж яIэщ. Апхуэдэуи Аслъэнбэч къытеувыIащ адыгэхэм яIа псэукIэм, къигъэлъэгъуэфащ лъэпкъхэр зэрызэщхьэщыкIыу, зэрызэтехуэу щытари.

*Зыгъэхьэзырар*
**ШАФИЙ Аслъэнщ.**


ХьэхъупащIэ Амырхъан


Атэбий Игоррэ Увыж Муратрэ я гъусэу.


Адыгэ щIалэхэр лъэпкъ Iуэхум хэтщ.

# КъигъэщIар мащIэми, Iэужьыр куэдщ

**Адыгэ утыкур игъэбжьыфIэу, лъэпкъ щэнхабзэр игъэбейуэ, блэкIамрэ нобэмрэ зэпищIэу, цIыхубэм ягу хигъахъуэу, хэхэси хэкурыси я псэм дыхьэу гъащIэ хъуэпсэгъуэщ, ауэ кIэщI дыдэщ къигъэщIар КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ХьэхъупащIэ Амырхъан ДжэбрэIил и къуэм. ЩIышылэм и 28-м илъэс мэхъу щIалэщIэр къызэрытхэмытыжрэ. Зи псэугъуэу, зи утыку итыгъуэу зэуэзэпсэу къытехуэу дунейм ехыжа щIалэ цIэрыIуэм хуэщыгъуар куэдщ. И ныбжьэгъухэр, и лэжьэгъухэр Iыхьлыхэм ябгъурыуващ къатепсыха гуауэр даIэтыну, хъыбарыр зэхэзыха хамэ лъэпкъхэм, хэгъэгухэм, къэралхэм щыщ куэдым Интернетым щызэIэпахащ хъыбар гущIыхьэр. Сыту куэдым къатехьэлъа щIалэ нэфIэгуфIэр, макъ жьгъырур, адыгэлI нэсу дунейм тета цIыху зэчиифIэр пасэу зэрахэкIыжар. Си щхьэкIэ хамэ къэралхэм ис куэдым къысхуатхащ Амырхъан хуэдэ лъэпкъым зэрыфIэкIуэдар гущIыхьэ зэращыхъуар.**

«КАБАРДИНКА» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым драгъусэу къэрал зыбжанэм дыщыIат. Сэ слъэгъуащ Амырхъан адыгэ фащэр екIупсу щыгъыу, шыкIэпшынэр иIыгъыу утыку къыщихьэкIэ хамэ щIыпIэ къыщалъхуа, хэкужьым зэи щымыIа адыгэр насыпыфIэ зэрищIыфыр. ЦIыху мини 5-м нэс къэтэджурэ Iэгу хуеуэрт Амырхъан уэрэд жиIа нэужь. Игъэгушхуэрт ди лъэпкъэгъухэр, игъэдахэрт «Кабардинка»-м и концертхэр. Апхуэдэ зэхэтыкIэ дахэм ирипагэрт ансамбль цIэрыIуэм и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь, балетмейстер нэхъыщхьэ Битокъу Аслъэнбэч сымэ. Ахэр и къуэш нэхъыжьым хуэдэу я жыIэм щIэту, дахэуи ядэгушыIэу, адыгэ Iуэхум щхьэкIэ зэи «хьэуэ» къыхимыгъэкIыу зэрабгъурыувэм ущыкIэлъыплъкIэ, гур хигъахъуэрт. Гъуэгу удытетынуи уи ныбжьэгъунуи зыхуэдэ щымыIэ щIалэфIт, пщащэхэм дэлъху яхуэхъурт, цIыхухъухэм я къуэш пэлъытэт.

Хэкужьым и пщIэр щынэхъ лъагэжт щIалэм. УсакIуэ, тхакIуэ, джэгуакIуэ цIэрыIуэу щыта ХьэхъупащIэ Амырхъан и къуэрылъхум и къуэт Амырхъан. Адэшхуэм и цIэр зыфIащыжа щIалэ цIыкIум хузэфIэкIащ абы и лъагъуэм ирикIуэн, адыгэ щэнхабзэм хузэфIэкI хилъхьэн, абы зэрихьа щIыхьыцIэм хуэдэ къилэжьыфын, адэжь щIэиныр ихъумэу адыгэ гъащIэм лъэ быдэкIэ хэувэн. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, а гъуэгур кIыхьакъым. Илъэс 44-рэ къудейщ Амырхъан нэхъыщIэм къигъэщIар, ауэ и цIэр тхыдэм къыхинащ, цIыхубэм ягу къринащ.

Псоми ягу ирихьырт шыкIэпшынэр иIыгъыу игъэзащIэ адыгэ уэрэдыжьхэр, апхуэдэ дыдэуи иджырей макъамэ Iэмэпсымэхэм щIэту уэрэд дахэхэр игъэзащIэрт. Абы бгъэдэлъ зэчийм и фIыгъэкIэ ихъумащ икIи зригъэужьащ и адэшхуэм и адэм и щIэин лъапIэр. ХьэхъупащIэ Амырхъан нэхъыжьым и цIэр куэдрэ жригъэIащ езыр къыдэкIуэтея нэужьи. Адэшхуэм хуэщ къуэфIу дунейм тетащ ар.

Лъэныкъуэ зыбжанэу зэтепщIыкIырт абы и творчествэр. Илъэс 20-м щIигъукIэ щылэжьа Музыкэ театрми гуащIэшхуэ къыщIинащ. Псалъэм папщIэ, гукъинэж хъуащ Леонкаваллэ Руджерэ и «Паяцы» оперэм хэт Сильвио, Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатха «Мадинэ» япэ адыгэ оперэм - Къасым сымэ я партиехэр, Балэ Мухьэдин и «Шамхьун и фызышэ» опереттэм - Анзор, Рахманинов Сергей и «Алеко» оперэм - лIыжьым, Молэ Владимир и «Къамботрэ Лацэрэ» оперэм - Аслъэныкъуэ пщым, Штраус Иоганн и «Цыганский барон» опереттэм - цыджан лIыжьым я ролхэр, нэгъуэщIхэри.

Езыр къызыхэкIар унагъуэ дахэт, иухуари нэхъ дахэжт. Зэшыпхъуищымрэ адэ-анэмрэ я напщIэ телът щIалэ закъуэр, иригушхуэрт абы и зэфIэкIым, я гур хигъахъуэрт и гумащIагъым. Дэлъху закъуэм хуаIэ лъагъуныгъэр адыгэ псоми дагуэшырт зэшыпхъухэм, я щхьэр лъагэу яригъэIэтырт и цIэр фIыкIэ зэрыжаIэм.

И пщащитIымрэ зы щIалэмрэ адэ гупцIанэ яIэт, унагъуэм ятеубгъуат, дэтхэнэ зым щхьэкIи и псэр итыфыну хьэзэрт. Апхуэдэ насыпым кIэ иIэн хуэмейуэ къыпщохъу, ауэ гъащIэр апхуэдэущ зэрызэхэлъыр...


Амырхъанрэ и щIалэ цIыкIумрэ ящIыгъущ олимп чемпион Мудрэн Беслъэн.


И пхъуитIым дэщIыгъуу.

Амырхъани ехъулIэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ иригушхуэу, щыгуфIыкIыу щыта зэшыпхъухэм ноби я нэпсыр щIалъэщIыкI, шэщIауэ тепсэлъыхьыфыркъым я дэлъхум, и сурэтхэм еплъыфыркъым ягу къызэфIэмынэу. «Зэшыпхъухэм къытхуэгумащIэт, и бынхэр, щхьэгъусэр зыпищI щыIэтэкъым, адэ-анэм хуигъадэ щыIэххэтэкъым», - жеIэ Амырхъан и шыпхъу Оксанэ. - КIыхьу утепсэлъыхьыфынущ си дэлъхум, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым хуэIущт, къызыхэкIар иIэтыну, къыдалъхуахэр игъэгушхуэну фIэфIт. Хэкупсэт, лъэпкъыпсэт, уэрэдыжьхэр игъэзэщIэныр зыпищI щыIэтэкъым. Щэнхабзэм, гъуазджэм щыпхиша гъуэгури къыщежьэр, шэч хэмылъу, ди адэшхуэм и дежщ, езыр къыщалъхуа Псынабэ къуажэрщ. Япэ дыдэу, езыр иджыри студенту, ди къуажэм гупжьей къыщызэригъэпэщри, сабийхэр шыкIэпшынэм хуигъэсащ, ахэр уеблэмэ Тыркум ишауэ щытащ. Апхуэдэуи уэрэд хуиусащ ди жылэм».

ЖиIэжыни, и нэгу къыщIигъэхьэжыни, и гур къигуфIыкIыу къызэрыбдэгуэшэни я куэдщ Оксани адрей и шыпхъухэми, ауэ ар зэрамыIэжым иджыри емыса гур къызэфIонэ, нэпс къыфIокIуэ, къатепсыха гуауэм хегъащIэ.

Амырхъан дунейм зэрехыжар апхуэдэ дыдэу къатохьэлъэ щэнхабзэ утыкум къыдита и ныбжьэгъухэм, IэщIагъэкIэ къуэш хуэхъуахэм. Псоми зэщхьу жаIэр зыщ: блэкIа зэманым иту дытепсэлъыхьыфыркъым ХьэхъупащIэ Амырхъан. Ауэ цIыхур псэущ и цIэр жаIэху...

***Хьэмырзэ Ахьмэд:*** - Амырхъан и цIыху щIыкIэм, и дуней тетыкIам утепсэлъыхьыну гугъущ. Апхуэдэу гуащIэ дыдэу лъэпкъ Iуэхур зыхэзыщIэ бгъуэтынутэкъым. Абы сыдеджа къудейкъым, ар икIи си ныбжьэгъут, дызэхуэмызэм дызэхуэзэшу, къэдэхъулIаIамэ зэдэдгуэшу. Адыгэ лъэпкъым и мызакъуэу, дунейм цIыхуу тетым щапхъэ яхуэхъун куэд дэслъагъуу сыкъыдэгъуэгурыкIуащ Амырхъан. Ар цIыху хьэлэлт. ЦIыхуфI къудейуэ аратэкъым, хьэлэлт. ЦIыхуфIыр иIэмкIэ къыбдэгуэшэнущ, ауэ цIыху хьэлэлым имыIэми, къигъуэтынурэ къыпхуищIэнущ ухуэныкъуэу ищIэмэ. Апхуэдэт Амырхъан, и Iыхьэр уигъэшхынут.

Япэ махуэм щегъэжьауэ АхьмэдышхуэкIэт къызэрызэджэр, сэ АмирчиккIэ седжэрт. ЗэрысцIыхуа зэманым къриубыдэу зэи зихъуэжакъым, нэхъыфIу хэлъым хигъахъуэу, зригъэужьу фIэкIа. Апхуэдиз ныбжь фIэкIа къэзымыгъэщIам къигъэна Iэужьым уегупсысмэ, лъэпкъ псом ди дежкIэ хэщIыныгъэшхуэщ ар зэрытфIэкIуэдар.

«Шагъдий» уэрэдым и япэ нотэр зэхэпхамэ, уи нэгу къыщIыхьэр адыгэ фащэ зыщыгъ щIалэ къамылыфэ къекIурщ. Лъэпкъым хуищIэр фIэмащIэу псэуащ ар. Иужьрей илъэс 20-р къэсщтэнщи, ар зыхэмыт адыгэ Iуэху сыхыхьакъым. Сыт хуэдэ лъэпкъ Iуэхури игъэдахэрт абы. Ди цIыхушхуэхэм хуащI фэеплъ пшыхьхэм сыт щыгъуи хэтт. Ар щомылъагъу зэхыхьэм зыгуэр къыхуэту къыпщыхъурт. Республикэми, гъунэгъу хэгъэгухэми, хамэ къэралхэми нэсырт. Куэдри гъуэгу дызэдытехьащ, дэслъэгъуар щIалэфI хьэлщ. Ди гушыIэкIэр зэтехуэу, ди бзэр зэIурылъу апхуэдэт. Iуэху дызэдыхэтарэ иуха нэужь, зым зыр дигу пымыкIыжу тIэкIу дызэбгъэдэсыжурэ дызэбгъэдэкIыжу арат. АпхуэдизкIэ цIыхуфIти, езым ещхьу лъэпкъ Iуэхум хуэлажьэу зи цIэр жимыIэрэ, зи Iуэху дэкIыну хуэмейрэ, имыгъэгушхуэрэ щыIэтэкъым.

ГуфIэгъуэ Iуэху къыдахарэ чэнджэщкIэ зыкъыхуагъэзамэ, «фызыхуейхэр къевгъэблагъэ» жиIэу зэфIигъэкIыртэкъым, а Iуэхур нэхъыфI дыдэу зэфIэзыхынухэр, нэхъ зыгъэдэхэнухэр къахуришэлIэнут, и кIэм нэси хэтынут. Апхуэдэ цIыхум нэхъыщхьэу сэ хужысIэфынур сыт? Жэщи махуи лъэпкъым хуэлэжьащ жысIэмэ, сыщыуэнукъым. Щыжеим дежи и щхьэр лажьэ хъунт, гупсысэ куэд щызэблэкI хъунт жысIэу согупсыс. И нэр къызэтрихамэ, цIыхум яхыхьамэ, фIы зэрахуищIэнум, лъэпкъым къызэрыхуэсэбэпынум и махуэр триухуэрт. ПкъыкIэ къытхэмытыжми, псэкIэ тщIыгъуу къысщохъу. Мы дунеижьыр щыIэху, лъэпкъыр псэуху Амырхъан фIыуэ, дахэу ищIар кIуэдыжынукъым.

***Хьэкъул Оксанэ:*** - Дызэдеджащ икIи дызэдэлэжьащ Амырхъан сэрэ. Апхуэдиз илъэс бжыгъэм ныбжьэгъу къудей мыхъуу, зэдэлъхузэшыпхъу дызэхуэхъуат. Си шыпхъум урещхьщ жиIэри, къыдалъхуахэри сигъэцIыхуауэ си нэIуасэт. Ар дунейм зэрехыжар къызэхьэлъэкIащ жысIэмэ, пцIы супсынукъым. Гу къабзэт, псэ хьэлэлт Амырхъан. Хуабжьу зэчий ин бгъэдэлът. Уэрэд, макъамэ щызэхилъхьэкIэ, япэ дыдэу иригъэдаIуэхэм сащыщт. Сэ стхахэм къыщIэупщIэрти, и чэнджэщ IущхэмкIэ сиунэтIырт.

Абы и цIэм дунейпсо мыхьэнэ иIэу къызолъытэ, зы адыгэ Iуэхуи ар хэмыту къаIэтынутэкъым. Фащэр щыгъыу, шыкIэпшынэр иIыгъыу утыку къыщихьэкIэ Iэгуауэу хуаIэтым уи гур хигъахъуэрт, фIыуэ къалъагъурт цIыхубэм. Си щхьэкIэ сыхуэныкъуэщ и ныбжьэгъугъэми, уэрэд жыIэкIэми, гушыIэкIэ дахэми, дэлъху хуэдэу гуапагъэрэ хуабагъкIэ къызэрысхуэупсэу щытами.

***ЕмкIуж Андзор:*** - Нобэ къыздэсым си фIэщ схуэщIыркъым Амырхъан къытхэмытыжу. Абы и цIэр къисIуэн хуей щыхъукIэ, иджыри псэум хуэдэущ сызэрытепсэлъыхьыр. Ар си гъусэщ иджыри, дяпэкIи си гъусэнущ. ЖиIам тебгъуэтэжу, ищIам щхьэкIэ жэуап ихьыжыфу, укъызэригъэгугъар игъэпэжу цIыху щыпкъэт. Нобэрей дунейм, цIыху фэрыщIхэр щытепщэ хъуам, Амырхъан хуэдэхэм ухуэмыныкъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Гугъут Амырхъан хуэдэу цIыху пэжу мы дунейм утетыну. ЛIыгъэшхуэу плъытэ хъунущ абы хэлъа хьэлыфIхэр. 1997 гъэхэм къэсцIыхуат а щIалэри, зэпIэзэрыту, лъэпкъ Iуэхум жыджэру хэту, къызыхэкIа унагъуэр, лъэпкъыр игъэпэжу, ныбжьэгъугъэкIэ зыхуэдэ щымыIэу дунейм тетащ, бгъэдэлъа зэчийм лъэужьыфIи ищIащ.

***Гуазэ Тимур:*** - Амырхъан теухуауэ куэд пхужыIэнущ, дигу къэдгъэкIыжын куэди диIэщ. Дунейм зэрехыжрэ илъэс хъу щхьэкIэ, ар къызэрытхэмытым иджыри десакъым. Хьэлъэщ, гугъу дрегъэхь ди ныбжьэгъуфIыр дызэримыIэжым. Гулъытэ, гукъэкI зиIэ цIыху гуапэт Амырхъан. Ар ныбжьэгъу къудейуэ схужыIэнукъым, си къуэшу щытащ. Институтым сэ сыщIэсу ар къыщIэтIысхьати, занщIэу ныбжьэгъу дызэхуэхъуат, гъуэгуанэ куэд къызэдэткIуащ, ерыскъы куэд зэдэтшхащ. ГъэщIэгъуэнракъэ, е фэжагъуэ къихьауэ, е псалъэ IейкIэ зыгуэрым игу еуауэ, е зыгуэрым и гъуэгу зэпиупщIыну хэтауэ къысхуэщIэжыркъым.

И утыку итыкIэм хуэдабзэт и дуней тетыкIэри, цIыху хэтыкIэ ищIэрт. Куэд зришэлIащ, зригъэцIыхуащ абы, цIыхуфI куэдым ягъэныбжьэгъут, нэгъуэщI IэщIагъэхэм пэрытхэри и цIыхугъэти, апхуэдэ куэдми нэIуасэ дахуищIырт. УнагъуэкIэ дызэкIэлъыкIуэрт, и адэ-анэр, къыдалъхуахэр соцIыху, шэчыгъуафIэ Тхьэм ящищI.

«ЦIыху дахэ» псалъэм лъэныкъуэу къызэщIебгъэубыдэ хъуну псори мыхьэнэуэ иIэри Амырхъан бгъэдэлът. ЩIэх-щIэхыурэ сигу къокI си къуэшыр, къызохьэлъэкI нобэ къызэрызбгъурымытыжыр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист.*

*Амырхъан и фэеплъу*

## Адэжь и пащхьэ къабзэу ихьэжащ

**Адэжь фэеплъу уи цIэр къыпфIащати,**
**ЩIэиныр куэдкIэ уэ бгъэбэгъуэфащ.**
**Пхуэфащэу лъэпкъым цIэр къабжати,**
**АдыгэлI нэсу дунеягъэм щызепхьащ.**

**ЗадебгъэкIуныр жьыми щIэми плъэкIыу,**
**Уи гъащIэ гъуэгур дахэу къэпкIуфащ.**
**ЦIыху щабэу упсэуну уигу иплъхьати,**
**Гурылъыр и кIэм нэс бгъэзэщIэфащ.**

**Ныбжьэгъу бжыгъэншэу уиIэм я лыр узу,**
**Мы дуней нэпцIым гуIэу къытебнащ.**
**ГукъэкIыж дахэр уи фэеплъу къытхуэнауэ**
**Уэ уи псэр хьэршым и кум ихьэжащ.**

**Пщэрылъ ди Тхьэшхуэм къыпхуищIахэм,**
**Уапэлъэщыныр екIуу уэ плъэкIащ.**
**ЦIыхугъэ дахэу уэ пхэлъар къытхуэнэри,**
**Адэжь и пащхьэ къабзэу уихьэжащ.**

**ДЭБАГЪУЭ Олег.**
*29.01.2024 гъэ*





# СэвкIуий Хьэмид и IэдакъэщIэкIхэр

**УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, КъБР-м и цIыхубэ художник, Художествэхэмкlэ Урысей Академием хэт, Санкт-Петербург щыпсэу икIи щылажьэ ди хэкуэгъу сурэтыщI цIэрыIуэ СэвкIуий Хьэмид и лэжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ Художествэхэмкlэ Урысей Академием. «Гу» зыфIаща выставкэмкIэ зэхуащIыж художникыр илъэс 60 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща Iуэхухэр. Абы ехьэлIауэ зэхыхьэ гъэщIэгъуэнхэр Налшыки щекIуэкIауэ щытащ.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хагъэхьащ иужьрей илъэсипщIым СэвкIуийм и Iэдакъэ къыщIэкIахэм ящыщ сурэт 70-м щIигъу, скульптурэ 30. Апхуэдэу абы щагъэлъагъуэ классикхэм я тхыгъэхэм къытрищIыкIа, IуэрыIуатэр зи лъабжьэ и графикэ лэжьыгъэхэри.

Хьэмид и лэжьыгъэхэр Кавказым ис лъэпкъхэм я мызакъуэу, къэралым, дуней псом щафIэхьэлэмэтщ.

СэвкIуий Хьэмид Къэбэрдей-Балъкъэрым иIэпхъукIыу Къэзахъстаным и Джамбул къалэм щыпсэуа адыгэ унагъуэм 1964 гъэм къыщалъхуащ. 1979 гъэм ар Налшык къэIэпхъуэжащ. СурэтыщI цIэрыIуэ Сындыку Анатолэ и лъэщапIэм щIэх-щIэхыурэ зэрыкIуэм къыхэкIыу а IэщIагъэм дихьэхащ Хьэмид. ЯпэщIыкIэ ар щеджащ Ставрополь пединститутым и художественно-графикэ факультетым, иужькIэ живописымкIэ, скульптурэмрэ архитектурэмкIэ Репиным и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт институтым монументальнэ живописымкIэ и къудамэм.

ЕгъэджакIуэхэм я лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ институтым къыщызэрагъэпэщхэм 1996 гъэм щыщIэдзауэ Хьэмид и Iэдакъэ къыщIэкIахэри илъэс къэс хегъэхьэ. Абы гъуазджэм и лIэужьыгъуищым - графикэм, живописым, скульптурэм - ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьащ.

1997 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унэхэм папщIэ игъэхьэзыращ «Иван Грозный принимает кабардинскую делегацию», «Выход пахарей» декоративнэ лэжьыгъэхэр.

2000 гъэм Барселонэ (Испание) щекIуэкIащ абы и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. 2002 - 2006 гъэхэм (живопись, графикэ, пхъэм къыхэщIыкIа скульптурэхэр) Нидерландхэм (Амстердам, Гаудэ) и «Goda» галереем. Москва, Санкт-Петербург Самарэ жыпIэми, нэгъуэщI къалэхэми щIэупщIэшхуэ щиIэу щекIуэкIащ Хьэмид и выставкэхэр. Ар хэтащ Урысейм и сурэтыщIхэм я гъэлъэгъуэныгъэу Китайм къыщызэрагъэпэщам, урыс щэнхабзэмкIэ Нидерландхэм щекIуэкIа фестивалым.

СэвкIуий Хьэмид и Iэдакъэ къыщIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъыр. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и пщIантIэм 2007 гъэм щагъэуващ.

Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм 1996 гъэм СэвкIуийр хагъэхьащ. А гъэ дыдэм къыхуагъэфэщащ Художествэхэмкlэ Урысей Академием и ЩIыхь тхылъыр. 1999 гъэм медаль тыгъэ къыхуащIащ Москва Къегъэлакlуэ Христос и цIэр зезыхьэ и члисэр къэгъэщIэрэщIэжыным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIам папщIэ. 2005 гъэм Художествэхэмкlэ Урысей Академием и дыжьын медалыр къыхуагъэфэщащ. 2007 гъэм Художествэхэмкlэ Урысей Академием и член-корреспондент цIэр къыфIащащ.

СэвкIуий Хьэмид и лэжьыгъэ телъыджэхэр щахъумэ къэралым и музейхэм, Урысейм, Китайм, Испанием, Нидерландхэм, Германием, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэууэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIахэм дихьэххэм я уней гъэтIылъыгъэхэм хэлъщ. 2000 гъэм щыщIэдзауэ Хьэмид Санкт-Петербург Художествэхэмкlэ и академием живописымкIэ и факультетым сурэт щIынымкIэ и къудамэм щрегъаджэ. Зи хэкуэгъухэр зыщызымыгъэгъупщэ сурэтыщIым и лэжьыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар и лъэпкъым и тхыдэрщ, и къекIуэкIыкIарщ, и щIыналъэм и щIыуэпс къулейрщ, нобэрей гъащIэм и лъапIэныгъэхэрщ. Хьэмид и лэжьыгъэхэм гупсысэ куурэ купщIэ инрэ ящIэлъщ. СурэтыщIыр щIэх-щIэхыурэ Налшык къокIуэж икIи и гуапэу хэтщ ди щIыпIэм щекIуэкI щэнхабзэ, гъуазджэ зэхыхьэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм. СэвкIуийм и IэщIагъэм, и зэфIэкIым и лъэпкъэгъухэр дрогушхуэ, ди щхьэр лъагэу дегъэлъагъуж.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Студент десант

**ЩIышылэм и 25-р студентхэм я махуэщ. Абы ирихьэлIэу илъэс къэс ирагъэкIуэкI «Студент десант» урысейпсо акцэр. КъБР-м щыIэ Урысей МВД-м и къалэ, район къудамэхэм апхуэдэ Iуэхухэр школакIуэхэм, студентхэм папщIэ къызэрагъэпэщащ.**

УРЫСЕЙ МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм и къудамэм и IэщIагъэлI нэхъыжь, полицэм и капитан Асановэ Сабинэ къызэригъэпэщри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Строитель» колледжым и етIуанэ курсым щIэс студентхэм защригъэплъыхьащ КъБР-м щыIэ МВД-м тхыдэмкIэ и музейм.

Студентхэм яхуэзащ къулыкъум пэрыкIыжахэу, управленэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ, милицэм и полковник КIэрэф Борис, абы и къуэдзэ, полицэм и подполковник Тембот Артур, УМВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэ Аттоевэ Дианэ сымэ.

Зыплъыхьыныр удэзыхьэхыу, купщIэ иIэу иригъэкIуэкIащ Налшык къалэ округым и ветеран организацэм и советым хэт, полицэм и подполковникыу тIысыжа Казаченкэ Еленэ. Ар тепсэлъыхьащ музейр къызэрызэрагъэпэщам, полицэм и тхыдэм пыщIауэ абы щIэлъхэм - милицэ фащэм, Iэщэм, лэжьакIуэм зыр адрейм зэрызыпищIэ, зэрызэпсалъэу щыта Iэмэпсымэжьхэм, цIыкIуфэкIухэмрэ фэеплъ дамыгъэхэмрэ.

Студентхэм яфIэгъэщIэгъуэну икIи дихьэхауэ зэпаплъыхьащ МВД-м и лэжьакIуэхэр зэрахуапэу щытам, илъэс зэхуэмыдэхэм зэрахьа Iэщэхэр, офицерхэм я хьэпшыпхэр, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм зэхьэзэхуэхэм къыщахьа дамыгъэхэр, дипломхэр, кубокхэмрэ медалхэмрэ.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм.

Студентхэр дихьэхауэ едэIуащ къызэгъэпэщакIуэхэм къыхуаIуатэхэм, хабзэхъумэ IэнатIэм ущылэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ар жэуаплыныгъэ зыпылъу икIи гугъуу зэрыщытыр.

ЗэIущIэм и кIэухыу ветеранхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ студентхэм жраIащ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я лэжьакIуэм хэлъын хуей хьэлщэнхэр, псом япэращи, цIыху пэжу зэрыщытыпхъэр .



**БАХЪСЭН Ланэ.**



# Командэ къыхэхам хагъэхьэ

**● Бокс**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым боксымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Кэнжэ къуажэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ республикэм и спортсмени 100, я ныбжькIэ илъэс 15 - 16-хэм щIимыгъуауэ.**

Я ХЬЭЛЪАГЪ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Ногайлиев Хьэсэн (кг 44-рэ), Быф Дамир (кг 48-рэ), Жантемырокъуэ Имран (кг 50), Шыкъ Аслъэнбэч (кг 52-рэ), Динаев Билал (кг 54-рэ), Аршиев Аслъэн (кг 57-рэ), Хьэгъур Анзор (кг 60), Мусуков Самат (кг 63-рэ), Хьэжумар Рустам (кг 66-рэ), Хьэрис Азнаур (кг 70), Аспиев Анзор (кг 75-рэ), Къан Раад (кг 80), Алханов Арсен (кг 80+) сымэ.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпIищыр къыщызыхьахэр хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым боксымкIэ и командэ къыхэхам.

**АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.359
Заказыр №138

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А